КъызэрымыкIуэу дахэ ди адыгэбзэ
2 -нэ нап.

«Махуэку»
3-нэ нап.

«Вагъуэ щIыкIухэр» мэлыд
4-нэ нап.

Унафэ тэмэмкIэ щIагъэбыдэж
4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№33 (24.939) • 2026 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 19, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Къэрал тхыдэм и лъэхъэнэщIэ

Къырымымрэ Севастополрэ Урысей Федерацэм къызэрыгухьэжам и махуэщIымкIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм щыпсэу цIыхухэм дыгъуасэ захуигъэзащ. Абы МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым щетх:

«Гъатхэпэм и 18-м догъэлъапIэ Къырымымрэ Севастополрэ Урысейм къызэрыгухьэжар. Ар хъуащ ди къэрал тхыдэм и лъэхъэнэщIэ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ а къэхъукъащIэр захуагъэм, дуней псор политикэрэ экономикэрэ я лъэныкъуэкIэ къэрал куэдым я еплъыкIэр къыщалъытэ гъуэгум зэрытеувам я нэщэнэ хъуащ. КъухьэпIэмкIэ щыIэ къэралхэм я мурадащ ди Хэкум и щхьэхуитыныгъэр фIагъэкIуэдыну, атIэми а Iуэхугъуэхэм зыри къикIакъым, дызытеува гъуэгур зэрыпэжымкIэ, ди политикэр зэрызахуэмкIэ диIэ фIэщхъуныгъэр нэхъри щIагъэбыда мыхъумэ.

Мы зэманым Къырымымрэ Севастополрэ ехъулIэныгъэ яIэу зауж ди къэрал къарууфIэм хэту, Урысейм щыпсэу лъэпкъыбэм я гъусэу. А Iуэхугъуэм кърикIуащ Донецк ЦIыхубэ Республикэр, Луганск ЦIыхубэ Республикэр, Херсон, Запорожскэ областхэр яфIэфIу ящIа хэхыныгъэм ипкъ иткIэ Урысейм къызэрыхыхьар.

А псоми къыхэкIыу ди зауэлIхэм, ди лIыхъужьхэм Iэщэ яIыгъыу мы зэманым яхъумэр я къэралырщ, я цIыхубэрщ, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу дзэ Iуэху хэхам хэту. Ахэр хущIокъу къэкIуэну щIэблэхэм гъащIэ шынагъуэншэ, зэпэщ яIэным.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу махуэщIымкIэ сохъуэхъу Къырымымрэ Севастополрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди къэралым и цIыху псоми!»

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ЩытыкIэм зыщегъэгъуазэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ къызэхикIухьащ республикэм и муниципалитетхэм ящыщ зыбжанэ, ухуэныгъэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэу абыхэм щекIуэкIхэм, апхуэдэуи зэфIагъэкIа проектхэм зыщигъэгъуэзащ.

ШЭРЭДЖ, Лэскэн районхэм республикэм и унафэщIым зыщиплъыхьащ цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхущIапIэхэу узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм епхахэм - Къэщкъэтаурэ Анзорейрэ цIыхубзхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ я IуэхущIапIэхэм. Ахэр яухуащ «Анагъэмрэ сабиигъуэмрэ хъумэн» къэрал проектымрэ «Унагъуэ» лъэпкъ проектымрэ хыхьэу.

Аруан щIыналъэм хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм щыкIуам КIуэкIуэ Казбек щIыхьащ Хьэмдэхъу Б.Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш-промышленнэ колледжым. ЕджапIэм и унэ нэхъыщхьэмрэ и общежитымрэ къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным пыщIа лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIащ илъэс кIуам и дыгъэгъазэм.

Колледжыр 1954 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ, республикэм и мэкъумэш IэнатIэм IэщIагъэлIхэр хуагъэхьэзырын мурадкIэ. Иджыпсту яIэ унэхэр 70-80 гъэхэм яухуащ икIи абыхэм я материально-техникэ лъабжьэр хэпщIыкIыу фаджэ хъуат.

Зэрагъэпэщыжа нэужь еджапIэр иджырей зэманым йокIу, къапщтэмэ, и лъэгухэм къыщыщIэдзауэ и щхьэми нэсу зэрахъуэкIащ. Ирагъэгъуэт IэщIагъэм тещIыхьауэ, щIыпIи 10-у гуэшащ еджапIэр, нэхъ пасэIуэуи къэрал субсидиехэр я щIэгъэкъуэну еджапIэм къыщызэIуахащ унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ лъэщапIэхэр, «Iуащхьэмахуэ» щеджэ-щылажьэ кластерыр.

Зэрагъэпэщыжа общежитым студент 360-м яхухэха пэшищэ хэтщ, унэлъащIэ екIуэхэр хущIагъэуващ, пщэфIапIэрэ зыгъэпсэхупIэри хэтщ.

«Мэкъумэш колледжым и студентхэм Iэмал ягъуэтащ иджырей зэманым екIуу зэгъэпэща пэшхэм щеджэну. Си фIэщ мэхъу ар щIалэгъуалэм щIэныгъэфI ягъуэтыным зэрыхуэщхьэпэнур. ЩIым елэжьыным, мэкъумэш техникэр къэгъэсэбэпынымрэ зэгъэпэщыжынымрэ, агрономием, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм хуеджэ IэщIагъэлIхэм хуэныкъуэщ мэкъумэш IэнатIэр, республикэм нэхъ псынщIэу зызыужь и унэтIыныгъэхэм ящыщыр», - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

Зэрыщыту къапщтэмэ, социальнэ инфраструктурэ и лъэныкъуэкIэ щIыналъэхэм лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкIащ.

Шэрэдж щIыналъэм цIыхухэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэкIэ япэу зызыхуагъазэ и IуэхущIапIэхэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза щIыналъэ программэм, «ГъащIэ кIыхь икIи узыншэ» лъэпкъ проектым хыхьэм, ипкъ иткIэ пащэ Балъкъэр Ипщэ къуажэм дэт сымаджэщыр къэгъэщIэрэщIэжыным. ЕджапIиплI зэрагъэпэщыжащ - Къэщкъэтау, Бабугент, Зэрэгъыж, Жэмтхьэлэ дэтхэр. Лэскэн щIыналъэм дызэрыт илъэсым къызыхуэтыншэу зыхуей щыхуагъазэ еджапIиплI - Анзорей, Хьэтуей, Урыху, Аргудан, къимыдэкIэ, Урыху иджырей библиотекэ къыщызэIуахынущ.

КъищынэмыщIауэ, КIуэкIуэ Казбек щыгъуазэ зищIащ «Кавказ» Р-217 къэрал гъуэгушхуэм хыхьэу Урыху псым телъ лъэмыжыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгу объект нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Лэжьыгъэхэр и пщэ дэлъщ «Кавказ» упрдорым. ЛъэныкъуитIкIэ ущызэблэкIыу телъа лъэмыжыр икъукIэ жьы хъуат, жыпIэнурамэ, лэжьат икIи зы жэщ-махуэм къриубыдэу абы щызэблэкI автомобиль бжыгъэм пэлъэщыжыртэкъым - ику иту ахэр мин 35-м нызэрохьэс. Мы зэманым абдежым пIалъэкIэ узэрызекIуэ хъу лъэмыж щытралъхьащ. Лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIхэм метри 163-рэ хъу лъэмыжым и щхьэфэр трагъэкъэбзыкI, иужькIэ щIэгъэкъуэнхэм я лъабжьэхэр ягъэжынущ икIи щIэхэр щIагъэувэнущ. ИужькIэ и щхьэфэр тралъхьэжын щIадзэнущ. ЛъэмыжыщIэм и кIыхьагъыр метри 165,5-рэ, и бгъуагъыр метр 25,6-рэ хъунущ. УщызекIуэ гъуэгум и бгъуагъыр метр 14-у щытынущ. Псори зэхэту лъэныкъуиплIкIэ ущызэблэкIыфынущ, дэтхэнэ зы кусэми метри 3,5-рэ и бгъуагъыу, абы зибгъухэмкIэ къэухьхэр зыхуэщIа лъэс зекIуапIэхэр бгъурытынущ. Гъуэгум япэщIыкIэ тралъхьэнущ захуэ зэращI бетон, псыр хэзымыгъэхьэ пкъыгъуэ хэлъу, иужькIэ асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ тIэунейрэ трагъэжыхьынущ. Ухуэныгъэм мыл трезымыгъащIэхэм хуэдэхэр халъхьэнущ, уэздыгъэкIэ къагъэнэхунущ, гъуэгу дамыгъэхэри тращIэжынущ. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ ирахьэлIэу къызэIуахыжа нэужь, лъэмыжым щызэблэкIыу щытахэр нэхъыбэ хъунущ, гъуэгум и шынагъуэншагъэри ефIэкIуэнущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, къэрал мыхьэнэ зиIэ «Кавказ» Р-217 гъуэгур «Ищхъэрэ - Ипщэ» дунейпсо транспорт кIэлындор жыхуаIэм щыщ Iыхьэщ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрыр Ставрополь щIыналъэмрэ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэмрэ япещIэ. Гъуэгур ди республикэм и транспорт лъынтхуэ нэхъыщхьэуи щытщ, абы, къанэ щымыIэу, щIыналъэ псори зэрепх. Урыху псым тралъхьэ лъэмыжыщIэр гъэ дызыхуэкIуэм и кIэм ятыну я мурадщ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

Япэувынущ икIи къызэпаудынущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм НаркотикхэмяпэщIэтынымкIэ и комиссэм и зэхуэс иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

АБЫ гулъытэ хэха щыхуащIащ къэралым Наркотикхэм япэщIэтэнымкIэ къалэн нэхъыщхьэу иубзыхуахэм ятеухуа политикэр ди щIыналъэм иужьрей илъэситхум къриубыдэу гъэзэщIа зэрыщыхъуам.

Зэхыхьэм щытепсэлъыхьащ а Iуэхум епхауэ муниципалитетхэм щыIэ комиссэхэм я лэжьэкIам, профилактикэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIам, иджыпсту щыIэ щытыкIэм щыхэплъащ.

ЦIыхум и узыншагъэм зэран хуэхъу, къагъэсэбэпу ямыдэ пкъыгъуэхэр ди деж къызэрашэ гъуэгухэр зэхуэщIыным, апхуэдэуи нарткотик зэзыхьэлIэхэр гъэхъужынымрэ иужькIэ гъащIэ узыншэм хэшэжынымрэ ехьэлIа Iуэхухэри зэпкърахащ. Наркотикхэр зэхьэлIэным, ахэр щэным къыхуезыджэ тхыгъэхэр, теплъэгъуэхэр интернеткIэ зэбгрегъэхыным пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэм кърикIуахэми хэплъащ.

Мыбдежым мыхьэнэшхуэ иIэщ, япэ зигъэщауэ, наркотикым пыщIа щIэпхъаджагъэхэм и чэзум япэувыным икIи къызэпыудыным. Республикэм и Iэтащхьэм а лэжьыгъэр зи пщэ дэлъ IуэхущIапIэхэм къалэн ящищIащ я зэдэлэжьэныгъэр нэхъри зэрагъэуIуну, а унэтIыныгъэм щIэуэ къыхыхьэ хьэгъэщагъэхэм япэщIэтыным гулъытэ нэхъыбэ хуащIыну.

Щэбэт щIыхьэхум зэфIагъэкIынухэр

Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алийрэ щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэмрэ зыхэта зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы теухуауэ республикэм и Iэтащхьэм и МАХ напэкIуэцIым итщ:

«Гъатхэпэм и 29-м щIедзэ щIыналъэхэр зэщIэгъэкъэбзэным, зэIузэпэщ щIыным, къэкIыгъэхэр хэсэным хуэунэтIауэ илъэс къэс къызэрагъэпэщ хабзэ мазэ лэжьыгъэм. Абы фIащащ «Республикэ къабзэ».

Накъыгъэм и 1-м ирихьэлIэу а лэжьыгъэ псори зэфIэкIауэ щытын хуейщ.

Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ илъэс кIуам республикэм и къалащхьэм жыг 700-м щIигъу зэрыщыхэтсар, зэрагъэпэщыжа уэрамхэри абыхэм яхэту. Мы гъэми а лэжьыгъэм пытщэнущ – тхьэмпэ къызыпыкIэ жыг лъагэхэр хэтсэнущ мы щэбэт щIыхьэхухэм къриубыдэу.

Псори зэхэту жыг мин хэтсэнущ – Налшык и псы Iуфэм декIуэкI щIыпIэм, «Спартак» стадионым, «Жыгей хадэ» хьэблэм хыхьэ сымаджэщ къалэ цIыкIумрэ Къэбэрдей уэрамымрэ.

Сыт щыгъуи хуэдэу, мазэ лэжьыгъэм хэтынущ республикэ, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм щыщхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Апхуэдэуи зэхуэсым щытепсэлъыхьащ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыщыхъур.

ЗэгурыIуэныгъэхэр зэщIылIэныр йокIуэкI, абыхэм я процент 50-м ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэфIэкIащ. Мы гъэм ди мурадщ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэ 42-рэ къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжыну, абыхэм нэмыщI, гъуазджэхэм щыхуагъасэ сабий еджапIэхэр духуэнущ, модельнэ библиотекэхэр къызэIутхынущ, музейхэмрэ щэнхабзэмкIэ унэхэмрэ зыхуейхэмкIэ къызэдгъэпэщынущ».

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70**, **40-34-32**.

Зи тхыдэр зыщIэр пхуигъэкIуэтынукъым

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Родинэ Викторие студентхэм яIущIащ. Ар къызэригъэпэщащ «Урысей зэкъуэтым и ЩIэблэщIэ гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм КъБКъУ-м щиIэ къудамэм.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ КъБКъУ-м и проректор ГъукIэпщокъуэ Мурат. Абы къыхигъэбелджылыкIащ щIалэгъуалэр я нэхъыжьхэм, абыхэм я блэкIам щыгъуазэу, хэкупсэ къалэн ягъэзащIэу щытын зэрыхуейр.

«Фи къалэн нэхъыщхьэр япэ итахэм я хьэлыфIхэр зыхэфлъхьэнырщ, фыкъыщалъхуа щIыналъэм, къэралым гурэ псэкIэ фахуэлэжьэнырщ. ЦIыху гъащIэм щылъапIэ щэнхэр фхэлъмэ, ар сыт щыгъуи гъуазэ фхуэхъунущ, фи къарум и къигъэхъуапIэу щытынущ», - къыхигъэщащ Мурат.

Студентхэм епсэлъэну мурад щIищIам и щхьэусыгъуэу Родинэ Викторие жиIар щIалэгъуалэр зэгупсысыр, зыIуугуэ гугъуехьхэр, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр зэхигъэкIыным абы и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэрщ.

- Лъэ быдэкIэ гъащIэм фыхэувэн папщIэ фызыхуэныкъуэхэр нэхъыбэрэ жыфIэху, утыку нэхъ къифхьэху, хабзэубзыху жэрдэмхэр нэхъ сэбэп хъун хуэдэу ягъэхьэзырынущ, - къыхигъэщащ депутатым.

Тхыдэр хъума зэрыхъунум тепсэлъыхьащ къызэхуэсахэр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Родинэ Викторие жиIащ иджырей Урысейр зэрыщыIэ зэманым къриубыдэу къикIуа гъуэгуанэм теухуа тхыдэ фэеплъыр хъумэным ехьэлIа хабзиплIым Iэ зэрыщIадзар, иужьрейр - совет

цIыхубэм лъэпкъгъэкIуэд зэрыращIылIар зымыдэхэм, лъэпкъгъэкIуэдым хэкIуэдахэм я фэеплъыр зыгъэпудхэм уголовнэ жэуап зэрахьынум, илъэси 5-м нэскIэ тралъхьэу зэрагъытIысынум теухуа законопроектыр, ар мазаем и кIэм къащтащ. Депутатым къыхигъэщащ тхыдэ фэеплъыр хъумэнымкIэ ди къэралым институт къыщызэгъэпэщын зэрыхуейр.

«ЦIыхум и тхыдэр ищIэжмэ, ар зэи пхуигъэкIуэтынукъым», - жиIащ Викторие.

Хэкупсэ нэсыр зищIысым теухуа упщIэм жэуап щритым, депутатым а гурыIуэныгъэр ирипхащ къэралыр унагъуэр, хабзэр фIыуэ лъагъуным: «хэкупсагъэр къыщежьэр адэжь щIыналъэр зищIысыр къыбгурыIуэнырщ. Ар уи Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ здэщыIэ, гугъуехьхэр щыбгъэв, къэрал псом и гъусэу текIуэныгъэхэм ущыщыгуфIыкI щIыпIэщ».

Студентхэм яфIэгъэщIэгъуэн хъуащ Викторие и къекIуэкIыкIар. Абы жиIащ политикэм хыхьэну япэщIыкIэ зэримымурадар. «Псори къыщежьар «ФIыр здэщыIэ дуней» псапащIэ фондырщ, итIанэ щIыпIэ самоуправленэм лэжьэн щыщIэздзащ», - жиIащ абы. Къэрал Думэм ар хагъэхьащ 2021 гъэм. Волонтёрхэм яхэту УФ-м и Президент Путин Владимир IущIащ

Зи гъащIэр хабзэубзыху IэнатIэм езыпхыну зи мурад студентхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ чэнджэщ яритащ Родинэ Викторие - жэрдэм гуэр къыхалъхьэн ипэ къихуэу, щыIэ хабзэхэр кууэ яджын, аналитикэр зэхуэхьэсын хуейщ. Мыпхуэдэ зы Iуэху бгъэдыхьэкIэми къыхуриджащ: «Умыарэзымэ - жыIэф, жыпIамэ - хэкIыпIэр къэгъэлъагъуэ, къыхэплъхьар зэфIэгъэкI, зэфIэбгъэкIамкIэ жэуап хьыж».

ЗэIущIэм и кIэухым студентхэр щIэупщIащ депутатыр дэзыхьэх Iуэхугъуэхэм, и лэжьыгъэм хэлъ гугъуехьхэм, щапхъэ зытриххэм. Родинэ Викторие жиIащ хущIыхьэгъуэу иIэ зэманыр и бынхэм зэрадигъакIуэр, абы къыщыдэхуэхэм классикэ литературэ зэреджэр. Псалъэмакъым и кIэухыу студентхэм захуигъэзащ: «Си Iыхьлыхэмрэ благъэхэмкIэ си насып къикIащ, сыт щыгъуи зыкъысщIагъакъуэ. Фэри фыкъызыгурыIуэн, нэхъри зывужьынымкIэ сэбэп къыфхуэхъун цIыхухэм фыкъаухъуреихьыну сынывохъуэхъу».

Апхуэдэ зэпсэлъэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ щIалэгъуалэмрэ властымрэ зэпыщIауэ щытынымкIэ, гугъуехьхэр хэIущIыIу щIынымкIэ, ахэр зэрызэфIахыну хэкIыпIэхэр зэгъусэу къагъуэтынымкIэ.

ДАРИЙ Дахэнур.

Утыку къранэркъым

• Дызэкъуэту

Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я щхьэ хуэлэжьэжыну, унеи IуэхущIапIэхэр къызэIуахыфыну апхуэдэ Iэмалхэр яIэщ. АбыкIэ къадэIэпыкъунущ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондыр. Апхуэдэщ щIэупщIэ нэхъыбэ зиIэ социальнэ зэгурыIуэныгъэу ахъшэкIэ абыхэм защIэгъэкъуэныр. Мы гъэм абы и куэдагъыр сом мин 350-рэ хъуащ.

АПХУЭДЭ дэIэпыкъуныгъэм щIэупщIэшхуэ иIэ щIэхъуар УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэрщ: 2026 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ СВО-м и ветеранхэм социальнэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэ хъунущ абыхэм я унагъуэхэм ику иту яIэ хэхъуэр къэмылъытэу. Абы и фIыгъэкIэ, дзэ Iуэху хэхам хэтахэм я Iуэхур нэхъ тынш хъуащ, я щхьэ хуэлэжьэжыну, IэнатIэхэр къызэрагъэпэщыну, щыжаIэ фондым.

«Ди хъумакIуэхэм я нэхъыбэр я щхьэ хуэлэжьэжыну хуейщ. Мы илъэсым щегъэжьауэ УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуныгъэкIэ социальнэ зэгурыIуэныгъэм ехьэлIауэ программэ щхьэхуэ къэтщтащ ветеранхэм защIэгъэкъуэным епха Iуэхугъуэхэм хуэгъэпсауэ.

Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ, дзэ Iуэху хэхам хэтахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ хьэрычэт щIэн Iуэхум жыджэру хыхьэн, я псэукIэр хэпщIыкIыу ирагъэфIэкIуэн хуэдэу социальнэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэхуэу иратынущ.

Бизнесым хыхьэн мурад зиIэ ветеранхэм ахъшэ дэIэпыкъуныгъэу сом мин 350-м нэс къащтэ хъунущ иджы. ИкIи дэ дыхьэзырщ абыхэм зэтраублэну зыхуей лэжьыгъэм и пэм щегъэжьауэ и кIэм нэсыху защIэдгъэкъуэну», - жиIащ УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ - статс-секретарь, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и унафэщI Цивилевэ Аннэ.

Социальнэ зэгурыIуэныгъэ зращIылIэнухэм хиубыдэр дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэрщ, ауэ апхуэдэуи ядэIэпыкъунущ СВО-м щыIауэ I, II гупхэм хыхьэ ныкъуэдыкъуагъэхэм хуэдэхэр зыхуагъэувахэм я щхьэгъусэхэм.

Программэ щхьэхуэм и лэжьыгъэр щIыналъэхэм щызэтеублэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр дэнэ щIыпIэкIи иджыпсту къыщаIэт. ЖыпIэнурамэ, Къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм иджыблагъэ щекIуэкIащ социальнэ зэгурыIуэныгъэмкIэ щыIэ комиссэм и зэIущIэ. Ар зэхэтащ абы хуэунэтIауэ республикэм къыщащта унафэм тету.

Комиссэр хэплъащ дзэ Iуэху хэхам хэтахэм е абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм кърахьэжьэну Iуэхугъуэхэм я бизнес-планхэмрэ дэфтэрхэмрэ икIи псоми арэзы техъуащ. Иджы къэнэжар, щIыналъэм и цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ щыIэ IэнатIэхэм социальнэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэнырщ, ахъшэр къыхуаутIыпщын щхьэкIэ.

Комиссэм и лэжьыгъэм тепсэлъыхьу «Хэкум и хъумакIуэхэр» Къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьыгъэр зэзыгъэуIу Къуэдзокъуэ Элянэ жиIащ дэтхэнэ цIыхуми и лъэIум набдзэгубдзаплъэу ахэр зэрыхэплъэр.

«Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, ауэ сытми IэхъуэгъуэтегъэкIыу Iуэхум дыбгъэдэмыхьэу, атIэ хьэрычэт щIэн Iуэхуу ветераныр зыхыхьэм адэкIэ зэрызиужьынур, фIырэ Iейуэ хэлъыр, пщэдей зэрымылъэлъэжынур зэхэдгъэкIыным. Бизес-планхэр зэхагъэувэнымкIэ дадоIэпыкъу, республикэм нобэ нэхъыбэу щIэупщIэ щызиIэ IэнатIэхэм ятещIыхьауэ къыхахыну унэтIыныгъэхэмкIэ чэнджэщхэр ядот. ПсэзэпылъхьэпIэм дыгъуасэ Iута ди хъумакIуэм, езым и IэнатIэ нобэ къызэIуихыжыну абы ерыщу хущIэкъум и мурадхэр къехъулIауэ тлъагъуныр ди лэжьыгъэм щынэхъыщхьэхэм хохьэ», - къыхигъэщащ абы.

ЩЭУЕЙ Башир.

Телечэщанэр нурыбзу къызэщIагъаблэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ телечэщанэ цIэрыIуэр Урысейм Кърым щIыналъэр къызэрыхыхьэжам и махуэм ирихьэлIэу нурыбзу къызэщIагъэблащ, идз нэхум хэлъ тхыпхъэхэр макъамэрэ уэздыгъэ джэгуу зэхэту.

СЫХЬЭТ 18.30-м къыщегъэжьауэ 00.00-м нэсыху телечэщанэ нурым УФ-мрэ Кърым щIыналъэмрэ я ныпыр, «Гъатхэпэм и 18-р Урысейм Кърым щIыналъэр къыщыхыхьэжа махуэщ» ежэкI сатырыр, Кърымым и щIыпIэхэм я сурэтыр къызэпхидзу техникэм и лэжьыгъэр ирагъэжьащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, нурым идз уджым пиксель мини 10340-рэ хъу уэздыгъэ цIыкIухэмрэ нурыдз уэздыгъэшхуэхэмрэ (прожекторхэмрэ) къатещащ. Абы Iэмал къитырт нэхум зызыхъуэж плъыфэбэхэр джэгуурэ зэблигъэкIынымкIэ, и пIэм имыкI теплъэгъуэхэмрэ къэзыуфэрэзыхь сурэтхэмрэ зыр адрейм иужь иту уэгум къридзэнымкIэ. Уэздыгъэ цIыкIухэри уэздыгъэдзхэри дунейм и щытыкIэ зызыхъуэжхэм хуэщIат, псыIагъым щыхъумат, уэздыгъэ къаруушхуи имышхын хуэдэу гъэпсат.

Къэбэрдей-Балъкъэр телечэщанэ джэгум хуэдэхэр къалэ куэдым щыпагъэнащ. Абыхэм ящыщщ Астрахань, Биробиджан, Благовещенск, Брянск, Санкт-Петербург, Волгоград, Грознэ, Екатеринбург, Иркутск, Калининград, Киров, Кострома, Къызыл, Мэхъэчкъалэ, Мейкъуапэ, Мурманск, Новгород Ищхъэрэ, Новосибирск, Омск, Оренбург, Пензэ, Пермь, Петрозаводск, Дон Iус Ростов, Рязань, Самарэ, Саранск, Саратов, Смоленск, Сочи, Тамбов, Тверь, Тулэ, Улан-Удэ, Уфа, Челябинск, Черкесск, Якутск, Ярославль къалэхэр, нэгъуэщIхэри.

Зи цIэ къитIуа къалэхэм дэт телечэщанэхэм хъуэхъубзэхэр хэту нэхур ирагъэдзащ, Грознэ, Дон Iус Ростов къалэхэм я телечэщанэхэм теплъэгъуэбзу зэхэт гуфIэгъуэ гъэлъэгъуэныгъэхэр къызыхэщ нур джэгухэр зэхашащ.

БЕСЛЪЭН Берд.

Къызэрымыкlуэу дахэ ди адыгэбзэ

Дуней псом щыцIэрыIуэ еджагъэшхуэ Трубецкой Николай ди бзэм хужиIауэ щытащ: «А бзэм (адыгэбзэм) и макъ зэхэлъыкIэр апхуэдизкIэ телъыджэщ, плъыфэбэщи, жьыбгъэ фийр, пщIащэ пылъэлъыжам и щхъыщхъыр, псы уэрым и макъыр, щIым и бзуэкIэр, псыхъуэм хэлъ мывэхэр зэрызэнтIэIур, гу къеуэкIэм и даущыр, къуалэбзум я уэрэдыр, нэгъуэщI куэди зэхыбох, абы ущыщIэдэIукIэ. Апхуэдэ макъамэ зэщIэжьыуэр къызэрыбгурыIуэнур зыщ: адыгэхэм я бзэр нэщIысащ, дунейм и къэхъугъэ псори къарипIуэтэну. Аращ ар къызэрымыкIуэу зыгъэдэхэжри». ИпэжыпIэкIэ, адыгэхэм ди анэдэлъхубзэр апхуэдэщ: лъэпкъым и фIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм, дахэхэм ящыщщ.

Анэдэлъхубзэр щIэблэм яIурылъу къэгъэтэджыным и закъуэкъым Раисэ зэлIалIэр, атIэ абы и гъэсэнхэм дапщэщи ядрегъэкIуэкI лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм, тхыдэм ятеухуа лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр. Абыхэм егъэджакIуэм нэхъыбэу треухуэ классщIыб сыхьэтхэр, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Лъэпкъ гъэсэныгъэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм: «Нэхъыжьым хуэфащэщ пщIэ лей», «Анэ, уэ пхуэдэ теткъым дунейм», «Нэмыс здэщымыIэм насып щыIэкъым», «Си Хэку и мывэхэри дыщэщ», «КIуэдыжмэ си адыгэбзэр, хэкIынущ си адыгэпсэр», нэгъуэщIхэми ятещIыхьа а лэжьыгъэм яфIэфIу, яфIэгъэщIэгъуэну хэтщ еджакIуэ цIыкIухэр. Иужьрейуэ егъэджакIуэмрэ и нэIэм щIэт ныбжьыщIэхэмрэ зыхэта Iуэхугъуэхэм ящыщщ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм, Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу Аруан щIыналъэм къыщызэрагъэпэща «Этносфера» зэпеуэ-еплъыныгъэр. Раисэ игъэхьэзыра еджакIуэхэр абы нэхъыфIхэм щыхалъытащ икIи щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ къыщыхуагъэфэщащ.

- Псалъэ гъущэ нэхърэ, дауи, нэрылъагъур гум нэхъ къонэ. ЕджакIуэхэм хуабжьу яфIэгъэщIэгъуэнщ апхуэдэ Iуэхугъуэхэри. ЖыпIэнурамэ, апхуэдэ лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ сабийхэр хэкупсэу, къызыхэкIа лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэр, щэнхабзэр ящIэу къэгъэхъунымкIэ, - жеIэ егъэджакIуэм. - Си гъэсэнхэм зэпеуэм и утыкушхуэм щагъэзэщIа лъэпкъ къафэр куэдым гунэс ящыхъуащ. Пэжу, адыгэ фащэ дахэр зи Iэпкълъэпкъ лантIэхэм екIупс пщащэ цIыкIухэр нэ фыгъуэр зытрамыгъаплъэм хуэдэт, я зыIыгъыкIэкIи, къэфэкIэкIи, макъамэм зэрызыдрагъэкIуфкIи ядэбгъуэн щымыIэу къыпщыхъуу. Лъэпкъым бгъэдэлъ дахагъэ, гуапагъэ, гу щабагъэ, гулъытэ хуэдэ Iуэхухэр зи псэм къиштэ ныбжьыщIэхэм я хьэл-щэныр нэхъ екIу мэхъу, я дуней еплъыкIэми фIыкIэ зехъуэж.

ЕгъэджакIуэм къызэрилъытэмкIэ, дуней псом щыцIэрыIуэ ди лъэпкъ хабзэхэр дахэщ, узыншэщ, узыгъэбжыфIэщи, а псори ди сабийхэм псэкIэ зыхегъэщIэн хуейщ.

Апхуэдэущ езы Раисэ зэрылажьэр. ГъащIэм щынэхъыщхъэр, щIэныгъэ зэрыритым къыдэкIуэу, абы и зэхэлъыкIэр сабийм къыгурызыгъэIуэф егъэджакIуэр ехъулIэныгъэм хуешэ а Iуэху бгъэдыхьэкIэм. И дерсхэр щиухуэкIи, и нэIэм щIэт сабийхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIым елъытауэщ а егъэджакIуэм и лэжьыгъэр зэриубзыхур. И лэжьыгъэр нэхъри иригъэфIэкIуэн папщIэ, абы дерсхэм къыщегъэсэбэп Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, сабийм и гупсысэм зезыгъэужь, ахэр Iуэхугъуэ гуэрхэм кIэлъыплъыфу, къахутэфу, зэрагъапщэфу, я еплъыкIэхэр гушхуэныгъэ хэлъу къагъэлъэгъуэфу, къазэрыщыхъуар жаIэфу зыгъасэ технологиещIэхэр. «Сабийхэм яIэ критикэ гупсысэкIэм зегъэужьын» технологиер къигъэсэбэпу, абы ныбжьыщIэхэр ирегъасэ езыхэм я акъылкIэ тэмэму гупсысэфу, нэгъуэщIым щымыгугъыу, я ныбжьым елъытауэ сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру бгъэдэувэфу, абы екIуу хэтыфу, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я къызэгъэпэщакIуэу щытыфын хуэдэу. Раисэ зэрыжиIэмкIэ, зэманым къытхуигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ хэкупсэ гъэсэныгъэр, псом хуэмыдэу иджырей лъэхъэнэм. ЕджакIуэхэр уи предметым дихьэх къудей мыхъуу, я зэфIэкIми лъэпкъ гупсысэми зегъэужьыпхъэщ.

«Зи бзэр фIыуэ зымылъагъум и Хэкум гулъытэ нэс хуиIэнукъым. Зи бзэр къызыфIэмыIуэху цIыхур мыгъасэщ. Абы и бзэр къыщIыфIэмыIуэхур и лъэпкъым и блэкIари, нобэри, къэкIуэнури зыуи къридзэркъыми аращ», - жиIэгъащ урысей тхакIуэшхуэ Паустовский Константин. Гупсысэшхуэ зыщIэлъ мы псалъэхэр и къыхуеджэныгъэу IэнатIэр езыхьэкI Къардэн Раисэ фIыуэ къыгуроIуэ зи анэдэлъхубзэр, зи хабзэр зыджым, анэбзэм и къарур фIыуэ зыхэзыщIэм, зи гупсысэр нэгъэсауэ абыкIэ къэзыIуэтэфым и зэхэщIыкIри нэхъ куу, и акъылри нэхъ жан, и дуней тетыкIэри нэхъ дахэ, и гъащIэри нэхъ къулей, нэхъ насыпыфIэ зэрыхъур. Шэч хэмылъу, апхуэдэ щIэблэращ лъэпкъым и къэкIуэнур хъуэпсэгъуэ зыщIыфынур.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

IэфIагъымрэ къэуатымрэ я щапхъэ нэсщ

• Махуэгъэпс

Гъатхэпэм и пэщIэдзэм ягъэлъапIэ Шхыныгъуэхэм фIыуэ хэзыщIыкIым (гурманым) и урысейпсо махуэр. Ар IэфIу шхэну зыфIэфI, щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыгъэлъапIэ дэтхэнэ зыми и махуэшхуэщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Мы махуэм ирихьэлIэу лъэпкъ шхыныгъуэхэм я къулеягъыр уигу къэбгъэкIыжыныр, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я пщэфIэкIэм и хабзэ телъыджэхэр бгъэлъэгъуэныр, утепсэлъыхьыныр лей хъунукъым.

ФИЛОЛОГИЕ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым МенеджментымкIэ, туризмэмрэ хьэщIагъэ индустриемкIэ и институтым и егъэджакIуэ нэхъыжь Балъкъэр Залинэ илъэс куэд хъуауэ йолэжь Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм шхыныгъуэм епхауэ яIэ щэнхабзэр джыным, абы щыгъуэми, адыгэм ейм гулъытэ хэха яхуищIу.

Залинэ къызэрилъытэмкIэ, адыгэ шхыныгъуэхэр IэфIагъымрэ къэуатымрэ я щапхъэ нэсщ. Адыгэ ерскъыхэм я нэхъыщхьэу къалъытэ джэдлыбжьэр. А шхыныгъуэр унэгуащэм и Iэзагъым и пщалъэщ: джэдлыбжьэ тэмэмыр Iуву, тхъуэплъу щытын хуейщ, шыгъумкIэ зэщыщхъуу, бжьыныхум и мэ гуакIуэр къыхихыу, зи ныбэ из цIыху нэгъунэ и гурыхьыр къигъакIуэу. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, ар Iуэхугъуэ гуэрым техуэу ягъэхьэзыру щытащ, псалъэм папщIэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрызэфIэкIар ягъэлъэпIэн е Iыхьлы лъапIэр кърагъэблэгъэн папщIэ. Уеблэмэ а ерыскъыр дуней псом къыщацIыхуащ Circassian chicken (Адыгэ джэд) фIэщыгъэцIэр иIэу. Тыркум и шхапIэхэм ар Çerkez Tavuğu фIэщыгъэм щIэту ущрохьэлIэ, Мысырымрэ Леванымрэ Sharkaseya-кIэ щоджэ, уеблэмэ джэдлыбжьэр аристократ, махуэшхуэ шхыныгъуэу къыщалъытэ, хьэгъуэлIыгъуэхэми Рэмэдан мазэми щIэх-щIэхыурэ щапщэфI. Джэдлыбжьэм и пщэфIыкIэр шхыныгъуэхэр зэрыт тхылъу дуней псом къыщыдэкIхэм хагъэхьащ, псалъэм папщIэ,ар къыщокIуэ Клаудие Роден и тхылъым кавказ шхыныгъуэхэм я гугъу щищIкIэ.

Адыгэ пщэфIапIэм мынэхъ мащIэу мыхьэнэ зиIэ и Iыхьэщ лы гъурымрэ пIастэмрэ. Лым и IэфIагъыр зэман кIыхькIэ хъумэным и щэхур куэдым яфIэтелъыджэщ. 2021 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым дунейпсо рекорд щагъэуващ: метр 2000-м щIигъу зи лъагагъ бгым щагъэхьэзыращ метр 1,5×1,6-рэ зи инагъ лы гъурпIастэ. А шхыныгъуэр куэдрэ ирагъэщхь дунейпсом нэхъ шхыныгъуэ лъапIэу, къэуату, IэфIу къыщалъытэхэм, и фIагъымрэ зэрагъэхьэзыр Iэмал щхьэхуэмрэ я фIыгъэкIэ.

Адыгэ зэхыхьэшхуэхэмрэ нэгъуэщI махуэ хэхахэмрэ къыгуэхыпIэ имыIэу епха хъуащ лэкъум тхъуэплъхэмрэ абы щIыгъу адыгэ кхъуеймрэ.

Балъкъэр Залинэ зэрыжиIэмкIэ, адыгэхэм сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуащIырт ерыскъыхэкIхэм я фIагъым и мызакъуэу, езы ерыскъыр къызэрагъэсэбэп, зэрашх щIыкIэми. Ар пщIэшхуэрэ хабзэкIэ гъэнщIа щэнхабзэ псо ирокъу. ХьэщIэхэр къегъэблэгъэныр, гъэхьэщIэныр зэлъытар Iэнэм къытебгъэувэ ерыскъы къудейркъым, атIэ хэгъэрейхэмрэ хьэщIэхэмрэ я зэхущытыкIэхэмрэ я пщэ къыдэхуэ къалэнхэмрэщ. Ар бгырыс хабзэхэм IупщIу щыубзыхуа дауэдапщэщ. А хабзэхэр къызэпыбуд мыхъуну къалъытэрт нэхъапэм. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, гъуэгурыкIуэр къыдыхьамэ, щхьэегъэзыпIэрэ ерыскъыкIэ къызэгъэпэщыныр къалэн лъапIэти, дэтхэнэ адыгэри хущIэкъурт ар гурэ псэкIэ гуапэу зэрищIэным. Адыгэм и Iэнэр сыт щыгъуи зэтетт, и гуапагъми гъунэ иIэтэкъым.

«Зи унэм гъуэгурыкIуэр щIэзыша бысымым ерыскъы IэфIкIэ игъашхэрти, игъэгъуэлъыжырт. Абы и шынагъуэншагъэмрэ и мылъкур ихъумэнымрэ теплъэкъукIыртэкъым. Махуэ бжыгъэ исын хуей хъуми, ерыскъы зэмылIэужьыгъуэкIэ ягъашхэрт, яIэу хъуам и нэхъыфIыр къыхутрагъэуврт», - жеIэ Балъкъэр Залинэ.

IэщIагъэлIым и къэхутэныгъэм увыпIэ щхьэхуэ щеубыд «пIалъапэ шхынкIэ» зэджэ хабзэм. ХьэщIэр щыжеину пэшым IэфIыкIэхэр зытет Iэнэ цIыкIу щIагъэуврт, пщыхьэщхьэм хэIэбэну е къэмэжалIэурэ къызэщыумэ, хэIэбэну.

Ди лъахэм щыIа зыплъыхьакIуэхэм сыт щыгъуи къыхагъэщащ лъэпкъ шхыныгъуэхэр зыми зэремыщхьыр, абыхэм я IэфIагъымрэ къэуатымрэ. ЛIэщIыгъуэкIэрэ я Iэгу я Iэнэу къэгъуэгурыкIуа адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я шхыныгъуэхэр зэрагъэхьэзырыр, къызэрытрагъэувэр, зэрашхыр ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ хабзэхэм зэрытетыр, а хабзэхэм я кууагъыр ягъэщIагъуэрт. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, Iэщ гъэхъуным, мэкъумэш щIэным елэжьурэ, ди лъэпкъхэм я шхыныгъуэхэм лъабжьэ хуэхъуар джэдкъазырщ, былымырщ, мэлырщ. Ахэр бгырыс лъэпкъхэм хуэдэу зыпщэфI къэгъуэтыгъуейщ.

Балъкъэр щэнхабзэми пщэфIэнымрэ шхэнымрэ мыхьэнэ хэха щиIэщ. Абы теухуауэ къыддогуашэ КъБКъУ-м МенеджментымкIэ, туризмэмрэ хьэщIагъэ индустриемкIэ и институтым и доцент Теммоевэ Зарият. Бзылъхугъэм къызэрыхигъэщымкIэ, балъкъэрхэм я пщэфIапIэр пщэфIэн къудейкъым зыхухэхар, атIэ анэшхуэхэм я къуэрылъху-пхъурылъхухэр ерыскъы гъэхьэзырыным и мызакъуэу, гъащIэ дерсхэми щыхуагъасэ пэш лъапIэщ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ пщащэм и хьэл-щэнри пщэфIапIэм щызэфIэувэрт. Хьыджэбз цIыкIухэр абы щыхуагъасэ Iуэху щIэным, шыIэныгъэм, IэкIуэлъакIуагъэм, набдзэгубдзаплъагъэм. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, тхьэв упщын папщIэ шыIэ пхэлъын хуейщ, хъыршыныр дахэу пхун щхьэкIэ - IэкIуэлъакIуагъ.

Сабий къахэхъуамэ, хьэгъуэлIыгъуэр къыдахамэ, хьэдэIус ящIмэ, уеблэмэ мэкъумэш лэжьыгъэ кърахьэжьамэ - дэтхэнэ дауэдапщэми шхыныгъуэ щхьэхуэхэр щагъэхьэзырырт: сохъутэ, жерме е лIэщIыгъуэкIэрэ къадэгъуэгурыкIуэ нэгъуэщI шхыныгъуэ.

Ерыскъым епха лъапIэныгъэ псоми ящыщу балъкъэрхэм я шхыныгъуэ нэхъ цIэрыIуэ хъуар, шэч хэмылъу, хъыршынырщ. А дэлэн пIащIабзэхэр хамэ къэрал нэгъунэ къыщацIыхуащ. Тэмэму ягъэхьэзыра хъыршыным узэпхрыплъмэ, дыгъэр плъагъуфу щытын хуейуэ жаIэ - апхуэдизкIэ ар пIащIэщи. Этнографхэм хъыршын лIэужьыгъуэ плIыщIым нэблагъэ къабжащ, щхьэж и щэху, и тхыдэ иIэжу. Балъкъэр хъыршынхэр ди къэралым и лъэпкъ шхыныгъуэ нэхъыфIу 10-м хабжащ.

Щхьэхуэу и гугъу щIыпхъэщ шхыныгъуэхэм фIыуэ хэзыщIыкI дэтхэнэри дэзыхьэх жалбаурми. Щынэ тхьэмщIыгъур ерыскъыр зыгъэIэфI зэмылIэужьыгъуэхэмрэ шыгъурэ хакIутэу зэхагъэлъа нэужь, щэ пIащIэм кIуэцIашыхьыжри, дзасэм пылъу дэпкIэ ягъажьэ. «ГъэщIэгъуэнщ, ауэ сыт хуэдизу ехьэжьауэ иджыпсту щымытми, тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, зауэлIхэмрэ мэлыхъуэхэмрэт ахэр зи шхыныгъуэр. А ерыскъыхэр егъэлеяуэ къэуатт, бгылъэ щIыпIэхэм ущыпсэуфын, укъыщалъхуа щIыналъэр пхъумэн папщIэ махуэ псом узыхуеину къару къозытт. ИкIи гъуэгурыкIуэ езэшар, ар абы и бийуи щрет, бгырысым и бжэщхьэIум ебэкъуамэ, егъэлеяуэ IэфI шхын хэплъыхьа къыхутригъэувэнут», - жеIэ Теммоевэ Зарият.

Аращи, Балъкъэр Залинэрэ Теммоевэ Зариятрэ я лэжьыгъэхэм хуэдэхэм я фIыгъэкIэ ди лъахэм къыщызэтонэ ди щIыналъэм къыдэгъуэгурыкIуэ шхыныгъуэхэм ехьэлIа хабзэ телъыджэхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ХьэкIэкхъуэкIагъэу къелъытэ

Тыркум и Президент Эрдоган Реджеп Тайип жиIащ Израилым КъуэкIыпIэ Гъунэгъур насыпыншагъэм зэрыхуишэр. «Израилым тепщэныгъэ иубыдауэ, адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу зилъытэжу, лъэбакъуэ зырызурэ ди щIыналъэр гузэвэгъуэм хешэ», - яжриIащ абы хэщхьэжым кърихьэлIа журналистхэм.

ЭРДОГАН и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Израилым Газэм, Йеменым, Ливаным, Ираным хуэунэтIауэ иригъэкIуэкI ебгъэрыкIуэныгъэхэр шынагъуэншагъэр къызэпызыуд Iуэхуу щытщ. «Ар хьэкIэкхъуэкIагъэщ икIи делагъэщ», - къыхигъэщащ Тыркум и лIыщхьэм. Абы журналистхэр къыхуриджащ къэхъум и пэжыпIэ дыдэм дуней псор щыгъуазэ ящIыну.

Апхуэдэу Эрдоган Реджеп Тайип геополитикэ и лъэныкъуэкIэ къэралыгъуэ лъэщхэр игъэкъуэншащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъур зыIууа гугъуехьхэр къазэрыфIэмыIуэхумкIэ.

ЕхъулIэныгъэ хъарзынэхэр

2026 гъэм екIуэкIа Паралимпиадэм Урысейм и командэ къыхэхам 3-нэ увыпIэр къыщихьащ. Абыхэм ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зэрызыIэрагъэхьар, я зэфIэкIым къэралыр зэрыригушхуэр жиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрий. Урысей спортсменхэм дыщэ медалу 8, дыжьыну 1, домбеякъыу 3 къахьащ.

«УРЫСЕЙМ и гуп къыхэхам Италием щекIуэкIа XIV ЩIымахуэ Паралимпиадэм ехъулIэныгъэхэр яIэу зэрызыкъыщагъэлъэгъуамкIэ сохъуэхъу, - жиIащ вице-премьерым. - Абыхэм ещанэ увыпIэр зыIэрагъэхьэфащ, дамыгъэхэм щIэбэнахэр спортсмени 6 фIэкIа зэрымыхъум хуэдэу. Ар фIыуэ нэхъ мащIэщ адрей гупхэм хэтахэм нэхърэ. Урысейм и Президент Путин Владимир къызэрыхигъэщащи, абыхэм я ехъулIэныгъэм и лъабжьэр емызэшыжу зэрылажьэрщ, я къарумкIэ фIэщхъуныгъэ яхэлъу, фIыуэ ялъагъу Iуэхум хуэпэжу зэрыщытырщ. Иджыпсту екIуэкI щытыкIэм иту ди атлетхэм дуней псом наIуэ щащIащ «Урысей» псалъэм гушхуэныгъэ къызэрыпхилъхьэр».

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ иужьрей илъэс 12-м зэхыхьэр къыщызэIуах дауэдапщэм урысей спортсменхэр иджы япэу я къэрал ныпым щIэту, я гимным едаIуэу а Iуэхум зэрыхэтар. Ар я фIыщIэщ Урысейм и Олимп, Паралимп комитетхэм, СпортымкIэ министерствэм, спорт федерацэхэм.

Гъатхэпэм и 19, *махуэку*

♦Iуэхутхьэбзэ зыхуащIэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и псыщIагърыкIуэ кхъухьхэм къулыкъу щызыщIэхэм я махуэщ

♦1930 гъэм къалъхуащ композитор, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къашыргъэ Билал**.

♦1945 гъэм къалъхуащ къэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **ДзыхьмыщI Зарэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 11 - 12, жэщым щIыIэр градуси 4 - 6 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 29-рэ: 11-р хъыджэбз цIыкIущ, 18-р щIалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 24-рэ: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 11-р щIалэщ.

Гъатхэпэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 492-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1980-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Махуэ псом зэрагъэпцIар чыщI ажэм икъутэжащ.

Иджы MAX-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы MAX-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогуфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэтевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ къридзэну ссылкэм тефкъузэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Щхьэхынагъэр узыфэщ

Щхьэхынэхэр бэмпIэгъуэщ: зралъэфыхьу, гукъыдэмыжу, щылъу, щысу, я Iэ къаIэтын къехьэлъэкI нэхъей. Ахэр ягъэукIытэн я гугъэу дзы фIащ е ягъэгушхуэ. Ауэ куэдым ящIэркъым щхьэхыр къызыхэкIымрэ ар зищIысымрэ.

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭМ къызэрахутамкIэ, щхьэхыр псантхуэ системэм къефыкI щытыкIэщ икIи пасэрей зэманым (цIыхухэм шхэнрэ бэгъуэнрэ фIэкIа нэгъуэщI Iуэху щамыIа лъэхъэнэм) къэунэхуа щытыкIэщ. ЦIыхум Iуэху щищIэр зыгуэр щыхуэныкъуэм, а зыхуэныкъуэр нэгъуэщI зыми къыщыхуимыщIэм дежт. Iуэху ущимыIэм деж щхьэ куцIым «зыщIрегъэх», зыгъэпсэху, уи къару хъумэ жери, IэпкълъэпкъыM унафэ хуещI. Абы лъандэрэ ди щыIэкIэ-псэукIэр нэгъуэщI хъуащ, цIыхур зыхуэныкъуэмрэ и Iуэхумрэ хэхъуэ зэпытщ, ауэ псантхуэм и лэжьэкIэм зыкIи зихъуэжакъыми, Iэпкълъэпкъым нэхъыбэрэ зригъэгъэпсэхуну хущIокъу.

Псалъэм папщIэ, сабийхэм куэд яхэтщ еджэну, тхэну, лэжьэну хуэмейуэ, щхьэхыу. Ауэ апхуэдэхэр нэжэгужэ дыдэу мэджэгу, дэзыхьэх Iуэхугъуэхэм яфIэфIыпсу пэрытщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, апхуэдэ сабийхэм балигъхэм жаIэу куэдрэ зэхах «еджэным псэхэкIуадэ ищIа илъэс бжыгъэхэм», «ягу-я псэм дэмыхьэ лэжьыгъэм гугъу зэрарагъэхьым» теухуа хъыбархэр. Ауэ щыхъукIэ, ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум ифI къэзылъыхъуэу къыдекIуэкI псантхуэ системэм упщIэ къегъэув: «Уи фейдэ щыпымылъкIэ, гугъу ущехьынукIэ - умыщIэ, зыгъэпсэху!».

Ауэ щыIэщ гугъуехьышхуэ зыпылъ лэжьыгъэ гуэр игъэзащIэмэ, абы фIыгъуэ къызэрыпэкIуэнур зыщIэхэр, къызыгурыIуэхэр, ауэ гукъыдэж имыIэу, лэжьыгъэм щIамыдзэфу. Апхуэдэхэм деж цIыхур зыгуэрым щышынэу арауэ жаIэ психологхэм: е къемыхъулIэнкIэ, е нимыщIысынкIэ, е и лэжьыгъэр цIыхухэм ягу иримыхьынкIэ. КъищынэмыщIауэ, цIыхум и акъылыр хутемыухуэу, къыдалъхуа узу ищIэм тригъэгупсысыкIыу. Мы щытыкIэр нэхъыбэу зыхуэлъэр депрессие зиIэхэращ. Апхуэдэхэм дохутыр зрагъэплъмэ, психолог здагъэлажьэмэ, псори зэхуэхъужынущ.

ЦIыхур ешами, абы щыгъуи щхьэхынэ мэхъу. Ар жейкIэ иримыкъумэ, тэмэму мышхэмэ, кофе, тутын, фадэ ефэмэ, махуэм жейрэ жэщым лажьэмэ, и къарур щIокIри, зыри хуэмыщIэу, зэIэпыхуу, щхьэхынэу уIуоплъэ. Апхуэдэ дуней тетыкIэм цIыхум и Iэпкълъэпкъыр зэрылажьэмрэ и гупсысэкIэмрэ ехъуэжри, ныкъуэдыкъуэ мэхъу.

Психологхэм зэрыжаIэмкIэ, язынықъуэхэм деж щхьэхым лъабжьэ хуохъу и сабиигъуэм цIыхум и гур изыкъутыхьын гуэр и нэгу щIэкIамэ, зэхихамэ, «ПщIэр хъуркъым, уеджэфыркъым, ущIыкIафIэкъым, утеплъафIэкъым», - жаIэурэ и жагъуэ ящIамэ.

Иужьрей зэманым ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ цIыхум лъатэ уз, гу уз иIэмэ, эндокриннэ системэр тэмэму мылажьэмэ, Iэпкълъэпкъыр махэ зэрыхъур. Ауэ щыхъукIэ, цIыхур лажьэурэ къыхуэнэжа гуащIэр щIэмыкIын, нықъуэдыкъуэ мыхъун папщIэ, щхьэ куцIым «умылажьэ, щхьэх» жиIэу IэпкълъэпкъыM къегъэдаIуэ.

КъищынэмыщIауэ, щIэныгъэлIхэм къыхагъэщхьэхукI гъэм и зэманхэм елъыта щхьэхыр. Псалъэм папщIэ, цIыхум витамин хуримыкъуу, и къарур щIэкIауэ гъатхэр къохьэ. Е, гъэмахуэр апхуэдизкIэ хуабэщи, зыри пхуэзэфIэкIыркъым, уомэх. Къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ дунейр градус 23-м нэхърэ нэхъ хуабэмэ, цIыхум и лэжьэкIэм процентитI 4 зэрыкIэрыхур. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, нэхъ хуабэху, а процент бжыгъэм нэхъри хохъуэ. Ауэ щыхъукIэ, унафэщIхэм я къалэнщ цIыхур вэгъзэгъыу зыхэлэжьыкIыфын, гъэщIыIэтыIа пэш къыхузэрагъэпэщыну: кондиционер, жьыху щIагъэувэну.

Иныжьыкхъэ

Иныжьыкхъэ жаIэ Зэрэгъыж узэрыдэжу, Маргъущ-сэнтх хъупIэм ит Iуащхьэхэм щхьэкIэ. А щIыпIэм апхуэдэу щIеджэр зыми ищIэжыркъым, IуэрыIуатэри щымыщ абы теухуауэ, уеблэмэ археологхэри хуиту зэи мыбдеж щылэжьакъым. Арами, нарт эпосым къыхощыж иныжь нэ закъуэхэм, къуабэбжьабэхэм ятеухуауэ хъыбар куэд. Ауэ щыхъукIэ, ахэр зэгуэр щыIащ икIи зыщIыпIэ деж щыщIалъхьэжащ. Лъэпкъ IуэрыIуатэм къызэрыхэнэжамкIэ, япэщIыкIэ дунейм къытехьар иныжьхэрщ, итIанэ испыхэр, абыхэм къакIэлъыкIуэу нартхэр, иужь дыдэу цIыху лъэпкъырщ.

ИНЫЖЬХЭМРЭ нартхэмрэ я зэхущытыкIэри «Нарт Бэдынокъуэрэ иныжьымрэ», «Хъымыщ иныжь зэриукIар» пшыналъэхэм наIуэ тщащI.

Маргъущ-сэнтх щыIэ иныжьыкхъэр инщ. Абы щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щыхэIэтыкIа Iуащхьэхэр удзым щIихъумэрэ жыпIэу уаIуоплъэ. Я лъагагъыми укъегъэуIэбжь - метри 6 - 8 мэхъу. Языхэзыр мыдрей псоми нэхъ япэжыжьэу Iухащ. Зэрэгъыждэсхэм зэрыжаIэмкIэ, ар иныжь гуащэм и Iуащхьэщ.

Илъэс мин бжыгъэ хъуауэ кърахьэкI IуэрыIуатэр ди фIэщ тщIы хъуну? Иныжьхэр щыIа, хьэмэрэ, мыдрей псоми лъагагъкIэ къахэщхьэхукIыу щыта псом щхьэкIэ иныжь жаIэу арат? Сыт Iуэхум и пэжыпIэр?

Дигу къэдгъэкIыжынщ иныжьыкхъэхэр нэгъуэщI щIыпIэхэми зэрыщыIэр: Сэрмакъ, Алътуд, псалъэм папщIэ. Ауэ Маргъущ хъупIэм ит иныжьыкхъэхэр адрейхэм къахэзыгъэщхьэхукIыр метр 20 зи кууагъ Iуащхьэхъурей жыхуаIэрщ. Ар ещхьщ амфитеатрым, и щIэм метр 44-рэ и бгъуагъщ. ЖаIэ ар IэрыщIу, ауэ хэт, дапщэщ кърицIыкIами ящIэжыркъым. Совет зэманым кумбым и зы джабэр бульдозеркIэ зэхакъутат, хъупIэм хьэуазэ щрашым. Къыхэнэжар удзым щIихъумащ.

Зэрэгъыждэсхэм хуагъэфащэ а кумбым иныжьхэр щызэпеуэу, щызэбэну щытауэ. Хъунут мыбдеж археологие къэпщытэныгъэхэр щебгъэкIуэкI, ауэ абы мылъкушхуи, зэмани, къаруи ихьынущ. Арами, IуэрыIуатэм дигъэцIыхуж лъэпкъхэмрэ иныжьхэмрэ я фэеплъ къахутатэмэ, дунейпсо тхыдэри эволюцэм и теориери къитхыкIыжын хуей хъунут.

ЩыIэщ мыбы иджыри зы щIыпIэ телъыджэ - Хъымыщ и Iуащхьэ жыхуаIэр. Ауэ а Iуащхьэм езы Хъымыщ щIэлъми, нарт IуэрыIуатэм Iуэху хуимыIэххэми зыми ищIэркъым. Ауэ а Iуащхьэр зэрыIэрыщIым шэч лъэпкъ къытрахьэркъым. Iуащхьэр зи щхьэр трагъэжа конусым ещхьщ, и щыгум метр 60 и бгъуагъщ, и лъапэм - метри 110-рэ, езым метр 37-рэ и лъагагъщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Iуащхьэр IэрыщIми, ар яухуэным къаруушхуэ текIуэдащ икIи, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, къызэрыгуэкI пасэрей цIыхум хузэфIэмыкIын лэжьыгъэщ. Щыгум уиту уплъэмэ, щIыуэпс телъыджэ уи пащхьэ къоувэ: Шэрэджыпсыр КъэщкъэтаурэАушыджэррэ къызэрыдэжыр, губгъуэ зэмыфэгъухэр, къуршыр. БлэкIам щэхушхуэ ехъумэ... Псыгуэнсу и Iэхэлъахэм ит «Хэкужь» щIыпIэм къыщыщIэдзауэ Зэрэгъыж и Iуащхьэхъурей нэс я зэхуаку дэлъ гектар 400-м ит кхъэм щIэлъхэм я хъыбар джафэ мыхъумэ, иныжь зэрыщыIам и зы щыхьэти зыми илъэгъуакъым.

Археологием хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIыфынут мы щIыпIэм. Сыту жыпIэмэ, 20-нэ лIэщIыгъуэм и кIэхэм хуэзэу Зэрэгъыж и Iэхэлъахэм щылэжьат археолог цIэрыIуэ Атэбий Биясльэн. ИужькIэ абы итхыжа «Раскопки у селения Зарагиж Кабардино-Балкарской Республики» лэжьыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ди лъэхъэнэм и 300 - 1000 гъэхэм яухуауэ фэеплъ куэд къыщагъуэтыжат, уеблэмэ къуэбэн культурэм и лъэужьи къахутат! Атэбийм къитIэщIат мащэ 450-рэ. Тхыдэ жыжьэм ехьэлIа мащэхэр хъурей-хэшауэ тIат, иужьыIуэкIэ щIалъхьахэр мащэ зэпэплъимэм илът, дэтхэнэми хьэкъущыкъу, дыщэ, дыжьынхэкIхэр, пхъэм, фэм къыхэщIыкIа фэеплъхэр, ахъшэ жьгъейхэр къыщIахат.

Абы лъандэрэ Маргъущ-сэнтх деж зы къэпщытэныгъи щрагъэкIуэкIакъым, иныжьыкхъэ жыхуаIэ щIыпIэ цIэрыIуэри яджакъым.

Егъэджэныгъэ



Технологие «сакъхэр» халъхьэ

Курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм къыщыхалъхьэ «егъэджэныгъэ технологиещIэхэм» я гугъу иужьрей илъэсхэм щIэх-щIэхыурэ зэхэтх хъуащ. ПсынщIэу зызыхъуэж дунейм къыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм уалъэщIыхьэн папщIэ, IэнатIэм теухуауэ щыIэ щIэныпхъэхэми, къэхутэныгъэхэми, Iэмалхэми егъэджакIуэр щыгъуэзэн зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ. ЩIэныгъэм гъунэ зэримыIэм хуэдэу, егъэджэкIэми мардэ иIэкъым - сабийхэм я зэфIэкIымрэ зэхэщIыкIымрэ теухуауэ егъэджакIуэм щыIэ хэкIыпIэхэр зэхеухуанэ е зэхегъэщхьэхукI. Арыххэуи, егъэджэныгъэ IэнатIэм хъарзынэу щызэхагъэзагъэ совет лъэхъэнэм къежьа щIэныпхъэхэмрэ иджырей гъащIэм къыдэунэхуа пэIудза егъэджэкIэмрэ, бжыгъэр зи лъабжьэ бгъэдыхьэкIэхэмрэ сабийм и зэхэщIыкIым зэзыгъэузэщI джэгукIэ Iэмалхэмрэ.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМ къыщекIуэкI сыт хуэдэ Iэмалри ныбжьыщIэхэм я къэухьым зегъэубгъуным зэрытещIыхьам къыхэкIыу, мардэ хэлъ къудеймэ, зэрыщхьэпэнум шэч хэлъкъым. Ауэ ебгъэфIакIуэ мыхъун щыIэкъым. Иужьрей илъэс зытIущым егъэджэныгъэм и унафэр зыщI къулыкъущIэхэм «технологие сакъхэм» и гугъу ящI хъуащ. Ар зытеухуар еджапIэр зехьэн папщIэ зэхалъхьэ ахъшэракъым, атIэ нэхъ зыхуэсакъын хуей нэхъыщхьэхэрщ: зэманымрэ еджакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, адэ-анэм я узыншагъэмрэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, технологие «сакъхэм» къызэщIаубыдэ Iэмалхэр хуэунэтIащ еджэныгъэр нэсу къызэгъэпэщыным пэрыуэгъу хуэхъу лей псори гъэкIуэдыным е гъэмэщIэным.

Технологие «сакъхэр» зыкъом мэхъу. Къыхэгъэщыпхъэхэм ящыщу зыбжанэм я гугъу кIэщIу тщIынщ.

1. 5S-кIэ зэджэ Iэмалыр. ЕджакIуэмрэ егъэджакIуэмрэ я Iэнащхьэхэр зэщIэкъуауэ, лей зыри темылъу, пIалъэ кIэщI дыдэм (секунд 30-м кърикубыдэм) узыхуейр тебгъуатэу щытын хуейщ. Ар теухуащ дерсым хухах зэман мащIэр зэгъэзэхуэным, лъэныкъуитIри лэжьыгъэ хабзэм тету егъэсэным.

2. ЕджапIэ кIуэцIыр гъуазэ щIыныр. Курыт еджапIэхэм я пэIущIэм къыщегъэжьауэ зыщеджэну классым щыщIэкIыжу ныбжьыщIэхэр зыгъэгъуазэ е зыунэтI дамыгъэхэмкIэ гъэпсауэ щытын хуейщ. Блынджабэхэм кIуапIэхэмрэ щIэкIыпIэхэмрэ къэзыгъэлъагъуэ дамыгъэхэр тетын, еджэныгъэм ехьэлIа хъыбар плIанэпэхэр хуэщIын, зыгъэпсэхупIэхэр здэщыIэ щIыпIэхэр хэщIыхьын хуейщ. Ари зэманыр зэгъэзэхуэным хуэунэтIа Iэмалщ.

3. Еджэныгъэ Iуэхугъуэхэр зы пщалъэм хуэгъэкIуэныр. ЩIэх-щIэхыурэ къытезыгъэзэж Iуэхугъуэхэм щхьэкIэ хабзэ пыухыкIахэр зэхэгъэувэныр Iэмалыншэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, реферат е нэгъуэщI тхыгъэ щагъэхьэзыркIэ, ар къызэращып щIыкIэхэм, зэрызэхагъэувэ Iэмалхэм, къызэрыдрагъэдзым я нэIэ трагъэтынущ, зэманыр зэгъэзэхуа хъун папщIэ.

4. «Канбан» Iэмалыр хэпщэныр. Зи гугъу ищIыр еджакIуэми егъэджакIуэми махуэгъэпс яIэн зэрыхуейрщ. Ар «щIын хуейщ - сощI - сщIащ (хьэзырщ)» гъэпсыкIэ пыухыкIам тетынущ.

НэгъуэщI Iэмал куэди щыIэщ, ауэ мыхэр нэхъыщхьэу къалъытэхэращ. «Технологие сакъхэр» жаIэу а фIэщыгъэр иратами, цIыхур и зэманыр зэрызэригъэзахуэу нобэр къызэдэсым щыIа щыкIэхэращ, зэрыгурыIуэгъуэщи, зи гугъу ищIыр, ауэ ахэр иджы нэрылъагъуу лэжьыгъэм хапщэну хущIокъу, егъэджэныгъэм хэт лъэныкъуэ псоми я узыншагъэр ихъумэн, еджакIуэхэми щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным зэман нэхъыбэ трагъэкIуэдэн папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрми а технологиехэр курыт еджапIэхэм щыхапщэ хъуащ. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм хъыбар къызэритамкIэ, «Лэжьыгъэр къэIэтын» къэралпсо пэхуэщIэм ипкъ иткIэ къыхалъхьа а жэрдэмыр хуэунэтIащ къулыкъущIэхэмрэ IэщIагъэрылажьэхэмрэ ятелъ хьэлъэр нэхъ мащIэ щIыным, егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ я къалэнхэр ящыгъэпсынщIэным, еджакIуэхэми я зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэным.

Абы и IуэхукIэ Налшык къалэм дэт, Науржан Ибрэхьим и цIэр зезыхьэ гимназие №1-м щапхъэ хъарзынэ егъэлъагъуэ. ЕджапIэр зэрызэрагъэпэщыжрэ куэд щIакъым. Мыбы бжэ-щхьэгъубжэхэр щызэрахъуэкIа, лъэгу щахэр ирахыу щIэ щралъхьэжа, классхэр техникэщIэкIэ къыщызэрагъэпэща къудейкъым, атIэ зи гугъу тщIа технологие «сакъхэр» къыщыхалъхьащ. Апхуэдэу еджапIэм интерактив щIыпIэхэр сабий 884-м щхьэкIэ зэфIагъэуващ, кIуапIэ-щIэкIыпIэхэр сабийхэм гурыIуэгъуэ ящызыщI дамыгъэмрэ гъуазэхэмрэ блынджабэхэм хащIыхьащ. ЕджапIэ кIуэцIыр зэрыщыткIэ еджэныгъэм тещIыхьащи, дэтхэнэ зы плIанэпэми Iуэхугъуэ пыухыкIахэм ухагъэгъуазэ.

ПэхуэщIэм и мыхьэнэр зыхащIэу я лэжьыгъэм хапщэну хуейуэ иджыри еджапIищым гукъыдэж ящIащ. А лэжьэкIэм Iэмалыншэу егъэджакIуэхэр махуэ къэс зыхэт тхылъымпIэ зегъэкIуэныр мащIэ ищIынущ, зэреджэ программэхэр гъэзэщIэным зэман нэхъыбэ ират хъунущ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мысост Екатерини зэрыжиIэмкIэ, технологие «сакъхэм» егъэджэныгъэм тхылъымпIэ зехьэныр мащIэ щищIынущ, сабийхэм гулъытэ нэхъыбэр ират хъунущ.

- Ди еджапIэхэр сабийхэм деж кIэ щIэныгъэ щIэхыпIэ къудейм къыщымыувыIэу, къезышалIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ дгъэнщIыну дыхущIокъу. Абыхэм ящыщщ мы зи гугъу тщIы технологиехэри. Ди цIыкIухэм заужьыныр, екIуэкI Iуэхугъуэхэм акъыл жанкIэ хэплъэу егъэсэныр, щIэныгъэ зэгъэпэща ябгъэдэтлъхьэныр ди къалэн нэхъыщхьэщи, ар япэ изыгъэщ сыт хуэдэ технологиеми гъуэгу еттынщ, - жеIэ къулыкъущIэм.

«ЕджапIэ гупсэху» зыфIаща пэхуэщIэм къигъэув Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ технологие «сакъхэр» къэзыщтэхэм я бжыгъэм хохъуэ. Апхуэдэу Урысейм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и IуэхущIапIэ 26-м технологиехэр къащтащ, абы сабий мин 16,7-рэ хуэдиз къызэщIаубыдащ.

ЕджапIэм щылажьэхэмрэ щеджэхэри я зэпэщыныгъэм, шэч хэлъкъым, мыхьэнэшхуэ иIэщ. Дыщогугъ щIэуэ къыхалъхьа мы жэрдэмым тхылъымпIэ лей куэд къызехьэкI икIи зэзыгъэпэщ класс унафэщIхэмрэ егъэджакIуэ къызэрыкIуэхэмрэ я лэжьыгъэр нэхъ тынш ящищIыну, еджэныгъэми и пщIэр къиIэтыну, IэнатIэм хэт лъэныкъуэхэр зэгурыIуэу сабийм и щIэныгъэр япэ иригъэщыну.

ШУРДЫМ Динэ.

Хэхэс лъэпкъ

Дунейм тетщ лъэпкъ зэхуэмыдэ куэд. Ахэр теплъэкIи, хабзэкIи, щэнкIи зэхуэдэкъым. ЩыIэщ къыщигъэщIа щIыналъэм щыпсэужу нобэм къэсахэри, мащIэкъым мыдрей лъэпкъхэм яхэпхъарэ, хэкур зрагъэбгынахэри. Абыхэм ящыщщ зауэлI лъэпкъ хахуэ туарегхэри.

ИМОШАГКIЭ зэджэж бербер лъэпкъыр щопсэу Мали, Нигер, Буркина-Фасо, Алжир, Ливие африкэ къэралыгъуэхэм. Ахэр зауэлI лъэпкъыу зэрыщытым къыхэкIыу, я тхыдэр зауэ-банэкIэ гъэнщIащ, я щIыналъэр яхьэхуну къеувэлIа зэрыпхъуакIуэхэм ерыщу зэрапэщIэтам къыхэкIыу.

Езыхэм къызэраIуэтэжымкIэ, туарегхэр Тин-Хинан тхьэанэу Сахарэм и япэ гуащэм къытехъукIыжащ. Ар нэрыбгейуэ щытащ, Мароккэ къикIри, ипщэ щIыналъэхэмкIэ Iэпхъуат, и кIэзехьэм фIэкIа щIымыгъуу. 1925 гъэм Абалессэ пасэрей быдапIэу Алжирым и щIыналъэм итым къыщагъуэтыжат дыщэрэ дыжьынкIэ гъэщIэрэщIа кхъэлэгъунэм щIэлъ бзылъхугъэ гуэрым и хьэдэ къупщхьэр. Туарегхэм зэрыжаIэмкIэ, ар Тин-Хинанщ...

Лъэпкъ телъыджэм япэ дыдэу тетхыхьахэм ящыщщ Ибн Хаукаля, Аль-Бакри, Ибн Баттутэ, Ибн Хъалдун сымэ. Мы тхыдэтх цIэрыIуэхэм Африкэр щIащыкIауэ щытащ, абы щыпсэу лъэпкъхэм муслъымэн диныр халъхьэнымкIэ зауэшхуэхэр ирагъэкIуэкIыу. Абы щыгъуэ (11-нэ лIэщIыгъуэм) хьэрып зэрыпхъуакIуэхэр туарегхэр щыпсэу ищхъэрэ щIыналъэр зэтракъутэри, лъэпкъыр къухьэпIэмкIэ яхуауэ щытащ. Мис абы щыгъуэщ туарегхэм я щэнхабзэмрэ фIэщхъуныгъэмрэ щыIэщIаудар.

Арами, лъэ быдэкIэ щIым тету къыщIэкIа лъэпкъ ерыщым щыщхэм къэралыгъуэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщыжат, сондэджэрхэр зэрызекIуэ гъуэгуанэр я нэIэ щIэтт. ИужькIэ, ахэр хэпща хъуащ зауэшхуэм - Европэм Африкэ къэралыгъуэхэр щызэрипхъуэм. Абы щыгъуэ туарегхэр Франджым иубыда щIыналъэм тести, леишхуэ ятехьащ, куэди я фэ дэкIащ. Абыхэм къащхьэщыува политикэмкIэ мыарэзыуэ лъышхуэ ягъэжащ. Арами, 1923 гъэм ахэр яубыдащ икIи лъэпкъ зэгурымыIуэныгъэхэр къагъэсэбэпурэ, зэкъуачри, франджыхэм унафэр яIэрыхьащ.

Я къару къызэрагъэпэщыжщ, зэрыубыдыжри, туарегхэм зыкъаIэтащ 1970 - 1980 гъэхэм. А лъэхъэнэм абыхэм фIыуэ ягъэгузэват Нигер, Алжир, Мали къэралыгъуэхэр. Туарегхэр щIэхъуэпсырт къэралыгъуэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщыну, Африкэм ипхъа лъэпкъыр зы хъужу щхьэхуитыныгъэр ягъуэтыжыну. Къыхэгъэщыпхъэщи, а хъуэпсапIэр я гъуазэ нэхъыщхьэу нобэм къэсащ ахэр.

Туарегхэм я бзи, я тхыбзи яIэжщ. Абыхэм я бзэр берберыбзэхэм ящыщу жаIэми, къащхьэщокI, я тхыбзэри пасэрей ливие тхыбзэм нэхъ тохьэ. КъищынэмыщIауэ, муслъымэн диныр къащтами, лъэпкъым къыдекIуэкIа хабзэхэр IэщIыб ящIакъым. ЦIыхухъухэм щхьэгъусиплI яIэну диным хуит ищIми, зэ закъуэ фIэкIа къашэркъым.

Лъэпкъ щэнхабзэм и дауэдапщэ нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэхэм ящыщщ, щIалэр илъэс 18 щрикъум деж иращIэкI джэгур. А махуэм ирихьэлIэу щIалэм метр 40-м щIигъу щэкI хужь е щIыху ират. Абдеж щыщIэдзауэ щIалэм и нэгур щIэхъумауэ фIэкIа цIыхум яхыхьэркъым, ар щыIуихыр щышхэм дежщ. Пасэрей зэманым щыIа хабзэмкIэ, туарегым иукIын хуейт нэгуIупхъуэ IумылъыIу къэзылъэгъуар. Ар зыгуэркIэ къемыхъулIамэ, езым зиукIыжырт. ГъэщIэгъуэныракъэ, бзылъхугъэхэм я нэгур щIахъумэркъым...

ГъэщIэгъуэнщ туарегхэм я зэхэтыкIэри. Щхьэж и къалэнхэри пыухыкIауэ, абыхэм яIэщ тхьэмадэхэр, фIэщхъуныгъэм и лэжьакIуэхэр, Iэщыхъуэхэр, унэIутхэр, гъукIэхэр. Шынагъуэшхуэ къалъихьэу кIуэдыжыгъуэ щеувалIэм деж зэрыубыдми, езыхэр зозэуэж, зыр адрейм тоуэри, и Iэщыр ирехужьэ, цIыхухэр ядыгъури, щхьэхуимыт ящI. Уэркъхэм Iуэху ящIэну, лэжьапIэ Iутыну емыкIуу къалъытэ, бзылъхугъэхэр фэм йолэжь.

Дунейм щынэхъ абрагъуэ

США-м щыIэ Вайоминг лъэпкъ паркыр хуэсакъыпэу яхъумэми, алъандэрэ цIыхум имылъэгъуа щIыуэпс насыпыншагъэ къызэрыкIынкIэ хъуну къэбэкъауэ (вулкан) итщ. Гуэл щхъуантIэхэмрэ псыкъауэ (гейзер) телъыджэхэмрэ я щIыналъэм тепсэлъыхьыху щIэныгъэлIхэм я нэгу къыщIэувэр псэ зыIут зи дунейм темытыж, мафIэм исыжа ЩIы хъурейщ. Сыту жыпIэмэ, къэбэкъауэм и лъабжьэм щIэлъ щIы къэкъуалъэ (магма) абрагъуэм зэрызыкъиIэтым, ар зэгуэр къикIыу нэм илъагъур зэрисыжынум иращIэнур ящIэркъым.

КЪЭБЭКЪАУЭР зэгуэр къикIыу ЩIым и нэкIур Iисраф зэрищIам и щыхьэту паркым къытена кумбыгъэм километр 55x72 и инагъщ. Ар япэ дыдэу къэзыхутари (1960 - 1970 гъэхэм) США-м и Геологие IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм и щIэныгъэлI Кристиансен Робертщ. Дунейм нэхъ абрагъуэ дыдэу тет къэбэкъауэм и хъыбар ямыщIэххэу нобэм къэсыну къыщIэкIынт, цIыхур хьэршым лъатэу, абыкIэ ЩIым сурэт къытрихыу зримыгъэсатэмэ. Сытми, Йеллоустоун къэбэкъауэр хуиту джын щIадза нэужь къахутащ километри 8-кIэ уеIэбыхмэ, къивырывыкIыу щIы ткIуаткIуэ и лъабжьэм зэрыщIэлъыр. Аращ паркым ит псы хущхъуэхэр, псыкъауэхэр зыгъэхуабэри, сероводородымрэ углекислотамрэ къыдэзыхуейр, бахъэ зыпихур. ЩIы къэкъуалъэр къэзыгъэхуабэр мантием кIуэцIрыкI гъуанэшхуэрщ, градус 1600-рэ пщтырагъ зыIыгъырщ.

ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, Йеллоустоуныр щэнейрэ къикIагъэххэщ. Япэ дыдэу ар къыщыуам (илъэс мелуани 2,1-рэ ипэкIэ) къуршхэр дэщэщат, абы кърицза мывэ кIэщхъыр километр 50-м щIигъукIэ уэгум дрипхъеят, стратосферэм адкIэжкIэ кIуэцIрыкIыу, Америкэ Ищхъэрэм и Iыхьэ плIанэр сабэ Iувым щIихъумат. ЕтIуанэу ар къиуащ илъэс мелуан 1,3-рэ ипэкIэ, ещанэу - мин 640-кIэ узэIэбэкIыжмэ.

Мы бжыгъэхэр зэпэпшэчмэ, нэрылъагъущ къэбэкъауэр къызэрикI илъэс бжыгъэм хэщIыурэ зэрыкIуэр икIи и зи чэзу къикIыгъуэр къызэрыблэгъар. Абы куэд щIауэ топсэлъыхь щIэныгъэлIхэр. Ауэ щыхъукIэ, США-м и еджагъэшхуэхэм псэхугъуэ ямыщIэу йогупсыс къэралыгъуэр зытекIуэдэжынкIэ хъуну насыпыншагъэм зэрыпэщIэувэфыну Iэмалхэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, езы щIыуэпсым зэтреIыгъэ къэбэкъауэр - апхуэдизу цIыхухэм яфIэтелъыджэ, яфIэдахэ псыкъауэхэр тафэм къыщыдэкIуейкIэ щIы къэкъуалъэр ягъэупщIыIу, абы къыщекIуэкI хуабэм и процент 70-р «къытрах». Ауэ къэнэж процент 30-м зэпымычу щIы IэрамэщIэхэр егъэткIури, мыгувэу къэбэкъауэр къикIынкIэ шынагъэ щыIэщ. НАСА-м и щIэныгъэлIхэм къыхалъхьащ паркым электростанц тращIыхьу, а къэнэж процент 30-р абы хуаутIыпщыну. Абы папщIэ щIыр километри 10-кIэ етIыхауэ, псы иутIыпщхьэн хуейщ. А псыр градус 350-м щIигъукIэ къэкъуалъэурэ, электрогенераторхэр зыгъэлажьэ турбинэхэр къезыхуэкI бахъэу къигъэзэжынущ. А лэжьыгъэ мытыншыр зэтеублэным доллар меларди 3,5-рэ ихьынущ, ауэ, зэрыжаIэщи, «тхьэкIумэкIыхьитI» къиукIынущ Америкэм: къэбэкъауэр къызэтригъэувыIэнущ икIи электрокъару хихынущ.

- Ди мурадхэр къыдэмыхъулIэрэ, Йеллоустоуным дыпэмылъэщу къикIмэ, США-м и пIэкIэ кумбышхуэ къэунэхунущ. Америкэ Ищхъэрэр щIэзыхъумэну сабэм ди гъунэгъу къэралыгъуэхэм я мэкъумэш лэжьыгъэхэри, электростанцхэри, щIыуэпсри зэтрикъутэнурэ, зыужьыныгъэр абдеж къыщызэтеувыIэнущ. ЗэрыжаIэщи, щIэрыщIэу гъащIэр ухуэжын хуей хъунущ, - жеIэ вулканолог Эндрюс Робин Джордж.

- Хьэуам апхуэдизкIэ сабэ, мывэкIэщхъ куэд дрихуеинущи, дунейпсо хуабагъэм кIэрыхунущ. Ауэ дыгъэ бзийхэм, щIы щхьэфэм къэмыс щIыкIэ, гъуджэм иплъэурэ хьэршым ягъэзэж нэхъей, диоксид серэр зэран хъунущи, Америкэ Ищхъэрэр мылылъэ хъункIэ шынагъэщ, - къыхегъэщ Кембридж университетым и профессор Оппенхеймер Клайв.

Йеллоустоун къызэрикI хабзэр къэплъытэмэ, ар дяпэкIэ къикIын хуейщ илъэс 60-м къриубыдэу. Дэ дримыхьэлIэми, ди бынхэм я нэгу щIэкIынущ, ди жагъуэ зэрыхъунщи.

«Махуэку» къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
БЕСЛЪЭНЕЙ Жансэтщ.

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унагъуэ 1600-м псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIата ахъшэр субсидиеу иратыжащ. Абыхэм щхьэкIэ республикэм и бюджетым сом мелуан 12,5-рэ къыхэкIащ.

СУБСИДИЕХЭР унагъуэхэм иратыж псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм нэхъ мащIэ дыдэу щIатыну КъБР-м щагъэува ахъшэм и куэдагъым ар щIигъумэ е ахэр зыщыпсэу я псэупIэхэр щIыналъэ мардэм хуэкIуэмэ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ ЖКХ-мкIэ цIыхухэм ятелъ гугъуехьхэр щхьэщыха, ядэгъэпсынщIа мэхъу. Ауэ псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ щIыхуэ зытелъ унагъуэхэм я ахъшэр къыхуабжьыжыркъым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм щхьэкIэ пенсэм щысым, зэщхьэгъусэхэри хэту, итыну къытехуэр ахъшэ хэхъуэу мазэм иIэм и процент 12-рщ, адрей псоми - я хэхъуэм и процент 15-рщ.

КъищынэмыщIауэ, 2026 гъэм гъатхэпэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху 5230-м социальнэ Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр я унэхэм щыхуащIащ, абыхэм щхьэкIэ пщIэ щIамыту. Социальнэ лэжьакIуэхэм цIыхухэм ират унагъуэм пыщIа, медицинэ, психологие, егъэджэныгъэ, н.къ. дэIэпыкъуныгъэхэр.

Гулъытэ зыхуащIхэр



Зэрыхабзэу, апхуэдэ гулъытэхэм хуэныкъуэхэр зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэ, зи Iэ, зи лъэ къыдэмыбзхэрщ е сабий нықъуэдыкъуэ зыпI унагъуэхэрщ.

Мыдрейуэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм хуейхэм зыхуагъазэ хъунущ зыщыпсэу щIыпIэхэм абыхэм щхьэкIэ центрхэм.

МЫСОСТ Наурыз.

Унафэ тэмэмкIэ щIагъэбыдэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымрэ физкультурэмрэ зыщегъэужьынымкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ зэлэжьыпхъэхэмрэ ятеухуа зэIущIэ зыубгъуа Бахъсэн щIыналъэ администрацэм иджыблагъэ щекIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, Олимп джэгухэм я чемпионхэу Хъущт Аслъэнбэчрэ Мудрэн Беслъэнрэ, республикэм и спорт федерацэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.



ЗЭIУЩIЭМ зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ Бахъсэн районым и спорт инфраструктурэм зегъэужьыным ехьэлIауэ иужьрей илъэситхум яхуэзэфIэкIахэм. Къыхагъэщащ а пIалъэм къриубыдэу зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ щIыналъэр къызэпэща зэрыхъуар икIи фIыщIэ ин хуащIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, спортымрэ физкультурэмрэ ехьэлIауэ сыт и лъэныкъуэкIи зэрызакъыщIигъакъуэм щхьэкIэ. Ауэ, апхуэдэу щыхъукIи, жаIащ, иджырей зэманым къигъэув мардэхэм хуэкIуэн папщIэ, зэлэжьыпхъэр зэрымымащIэр.

Гулъытэ хэха хуащIащ спорт IуэхущIапIэхэр районым и къуажэхэм щыухуэнымрэ абыхэм ехьэлIа проектхэмрэ дэфтэрхэмрэ ятеухуауэ щыIэ Iуэхугъуэхэм. Къуажэ къэс спорт объектхэр щащIыну щIыпIэхэр, абыхэм яIэну теплъэхэмрэ зыхуэгъэпсауэ щытынухэмрэ къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрхэр нобэкIэ хьэзырщ. Гугъэ ящIащ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ, щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ спортым зыхуагъэсэн щхьэкIэ IэмалыфIхэр яIэну, я узыншагъэр ягъэбыдэну, зауэжьыну.

Бахъсэн район администрацэм и унафэщI Абрэдж Iэдиб зэIущIэм къыщыхигъэщащ районым и спорт IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтын зэрыхуейр.

«Дэ нобэ фIыуэ зыхыдощIэ иджырей инфраструктурэ уиIэ закъуэкIэ ехъулIэныгъэфIхэр спортым зэрыщыуимыIэнур, унафэ тэмэмкIэ ахэр щIэгъэбыдэжауэ щымытмэ. Языныкъуэ спорт ухуэныгъэхэм я лэжьыгъэхэм хэтлъэгъуа ныкъусаныгъэхэм къагъэлъэгъуащ абыхэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIын зэрыхуейр. КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и лэжьыгъэм хуэкIуэу район администрацэм къыщызэдгъэпэщащ Физкультурэмрэ спортымкIэ комитет. ИпэкIэ дыплъэу къэтщта унафэщ ар. Спортым хэтлъхьа сомымрэ тренерхэм я гъэсэнхэм зэману трагъэкIуадэмрэ псыхэкIуадэ мыхъуу, атIэ, цIыхухэм я узыншагъэр ягъэбыдэрэ ди чемпионхэм я медалхэм къахэхъуэ зэпыту щытын зэрыхуейим хуэгъэза лэжьыгъэщ ар.

Апхуэдэуи, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ зи IэпкълъэпкъымкIэ сэкъат иIэхэм хуэщIа адаптивнэ спортым зегъэужьынымкIэ, районым и спорт пэшхэмрэ утыкухэмрэ къанэ щымыIэу а лэжьыгъэм къыхэшэнымкIэ зытегъэщIапхъэхэм. Къыхагъэщащ, Бахъсэн район администрацэм къыщызэрагъэпэща спорткомитетыр, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэр, къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэр зэгъусэу зэдэлажьэу щытмэ, зэманым къигъэув къалэнхэр зэрахуэгъэзэщIэнур, Iуэхур зэрыкIуэтэнур.

ЗэIущIэм и кIэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и тхьэмадэ Абрэдж Iэдиб сымэ ягъэпажащ районым и спорт еджапIэхэм я гъэсэнхэу 2026 гъэм зэрыщIидзэрэ дунейпсо, урысейпсо зэхьэзэхуэшхуэхэм къыщыхэжаныкIахэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Жэрдэмхэм гъуэгу ягъуэт

ФIы щIэи, псым хадзэ, жаIэ. ЦIыхум уифI ебгъэкIыныр фIы къызэрыпхуащIэжынум и шэсыпIэщ. Гулъытэр, гуапагъэр, гукъэкIыр цIыхугъэм и пкъощIэсщ, ар зи щэнымрэ зи цIыху щIыкIэмрэ хэлъым фIыгъуэ куэд къызэрыдэкIуэнум и тегъэщIапIэу зэрыщытыр къигъэлъагъуэу. Гъэсэныгъэм теухуауэ адыгэхэм къадекIуэкI щэнхабзэр къызэрымыкIуэу бгъуэщ икIи куущ, ауэ абы нэхъыщхьэу къызэщIиубыдэхэм ящыщщ нэхъыжьым пщIэ хуэщIыныр, нэхъыщIэм гъуэгу етыныр, лъэпкъым е жылагъуэм и Iуэхур гукъэкIкIэ гъэдэхэныр икIи егъэфIэкIуэныр. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм я гукъэкIхэр гъащIэм хэпщэным, щIалэгъуалэм зегъэузэщIыным, жылагъуэ гъащIэм щIэщыгъуэ къыхэлъхьэным теухуат Бахъсэн къалэм дэт «ФIыщIэгуапэ.Центр» фIэщыгъэ щIагъуэ зиIэ IуэхущIапIэм иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэм.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, «ФIыщIэгуапэ. Центр» IуэхущIапIэхэр щIалэгъуалэр, псапэхуэщIэ икIи цIыхубэ жэрдэмхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъунымкIэ икIи гъащIэм хэпщэнымкIэ жылагъуэ центрхэщ. Ахэр цIыхубэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, хьэрычэтыщIэ IэнатIэхэр, къэрал къулыкъущIапIэхэр зэзыпх лъэмыжщ, цIыхухэм я щIыIэныгъэр егъэфIэкIуэнымрэ щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъу Iуэхузехьап Iэщ.

«ФIыщIэгуапэ.Центр» IуэхущIапIэхэм я къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ цIыхухэр волонтёр, псапащIэ икIи жылагъуэ лэжьыгъэм хэшэныр, цIыхубэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, хьэрычэтыщIэ IэнатIэхэр, къэрал къулыкъущIапIэхэр нэхъыфIу икIи купщIафIэу щызэлъэIэсын хэкIыпIэхэр къэлъыхъуэныр икIи ахэри зэригъэуIуныр, щIыпIэхэм щыIэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм я щхьэпэ цIыхубэм екIын хуэдэу жэрдэм зэмылIэужьыгъуэхэм зегъэужьыныр икIи гъащIэм хэпщэныр, пэхуэщIэхэм хэлъ фIагъхэр къэIэтыныр, ди лъэпкъым теухуауэ и гугъу пщIымэ, адыгэхэм яхэлъу щыта щIыхьэху щэнхабзэр къэIэтыжыныр.

Бахъсэн къалэм щекIуэкIа зэIущIэр къызэгъэпэщынымкIэ жэрдэмщIакIуэ хъуащ КъБР-м и ЩIалэгъуалэ центрым щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэмрэ егъэджэныгъэм пыщIа IуэхущIапIэхэмрэ ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэ пэхуэщIэхэм зегъэужьынымкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэр. ЩIалэгъуалэ хьэрзынэ щызэхыхьа зэхуэсым и къызэгъэпэщакIуэхэм я псалъэр ныбжьыщIэхэм къыхалъхьэ пэхуэщIэхэм гъуэгу ягъуэтын папщIэ, ар зытеухуар кIэщIу къыщаIуатэ хъун тхылъымпIэхэм зэрырилэжьэну щIыкIэхэр гурагъэIуащ, Урысейм щIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и къулыкъущIапIэм и грантхэр къыдэхынымкIэ иригъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм зэрыхыхьэнумрэ абы зэрыхыхьа лэжьыгъэхэр къызэрапщытэну щIыкIэхэмрэ тепсэлъыхьащ.

ЗэIущIэм къекIуэлIахэм гъэщIэгъуэн къащыхъуащ практикэ мыхьэнэ зиIэ Iыхьэр. Апхуэдэу зэхуэсым хэтахэм Iэмал яIащ зыщIэдэIуа псалъэмакъхэр ягъэхьэзырын хуей пэхуэщIэхэм щагъэунэхун, яхузэфIэкIыр къыщапщытэкIэ, лъэпощхьэпо къахуэхъухэмрэ зыпэмылъэщхэмрэ езыр-езырурэ къыхагъэщын. Щхьэхуэу зи пэхуэщIэ елэжьыну гукъыдэж зыщIахэри гупу лэжьахэри къызэхуэсахэм яхэтащ, ауэ псоми унэтIакIуэ ящхьэщытащ, дэтхэнэми къыхилъхьэну зыхуей пэхуэщIэмкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу.

Къыхэгъэщын хуейщ щIалэгъуалэм къыхалъхьа Iуэхугъуэр зэрыщыту гъэщIэгъуэну, псапэхуэщIэ мыхьэнэ яIэу, цIыхум къызэрещхьэпэным хуэгъэпсауэ зэрыщытар. Апхуэдэу зи ныбжь нэмысауэ лэжьапIэ къэзылъыхъуэхэм папщIэ программэ гуэдзэхэр зэхалъхьащ, Бахъсэн къалэм дэтыну медиалъэщапIэм и проектыр, къалэм щызэтрихьэ пхъэнкIийр псынщIэу зэхуэхьэса икIи къыдэша зэрыхъуну гъуэгугъэлъагъуэмрэ щIыуэпс щIыхьэхумрэ я пэхуэщIэр зэхагъэуващ, цIыхум хэтынкIэ гугъу ехь щIалэгъуалэм я зэIущIэ къызэгъэпэщын зэрыхуей гупсысэр къыхалъхьащ, ЩэнхабзэмкIэ уардэунэр зэгъэпэщыжынымкIэ ухуэныгъэ мыхьэнэ зиIэ пэхуэщIэр яубзыхуащ.

Зэхуэсым хэта ныбжьыщIэхэм къыхагъэщащ куэд щIауэ мыпхуэдэ Iуэху хэтыну зэрыщIэхъуэпсыр, зыгъэгъуазэ псалъэхэм къадэкIуэу практикэ Iыхьэри зыхэт зэхуэс зэхашэну зэрыпэплъэр.

- УщIалэ щIыкIэ пхуэщIэращ уи жыгъуэм плъагъужынур, жаIэу куэдрэ щызэхэтх щыIэщ. НыбжьыщIэхэм ящыщ куэдыр пщэдейрей махуэхэм фIыкIэ щыгугъыу телажьэми, жыгъэм егупсыс щIагъуэ яхэту къыщIэкIынукъым. Ар щIыжысIэращи, дыщIалэху мыхьэнэ зиIэ, цIыхухэм щхьэпэ яхуэхъун, я псэукIэр фIы и лъэныкъуэкIэ къэзыIэтын жэрдэмхэр нэхъыбэ щIын, абы ныбжьыщIэ куэд къыхэшэн хуейщ - итIанэщ нобэмрэ пщэдеймрэ зэпха щыхъунур, къэкIуэну махуэхэр зи IэкIэ зыухуа щIалэгъуалэр езыхэм къащIэувэжыну щIэблэм я пащхьэ уардэу щитынур. ФIы блэжьмэ, зыхуэблэжьыр уи щхьэщ, уи пщIэщ, уи бынщ, ди нэхъыжьхэм Iэджэрэ жаIэу зэхызох. ПсэкIи гупсысэкIи дизэщIынумэ, тщIэн хуейуэ зыгуэр къытпэщылъмэ, а псалъэхэм сыт щхьэкIэ дащIэдэIукIын хуэмейрэ?! Си щхьэкIэ сфIэфIу мы зэIущIэм сыкъыхыхьащ, жаIэхэм седэIуащ, сызыхущIэкъуу сызыхуэкIуэмрэ мы зэIущIэм щызэхэсхахэмрэ зэтохуэри, зы гъуэгу зэгъэпэща сытехьэну сыщогугъ, си гуащIэ къихьымкIэ си щхьэм и мызакъуэу, си лъэпкъми щхьэпэ сыхуэхъуну согугъэ, - жиIащ зэхуэсым хэта Щауэ Мурат.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ зэхуэсхэм щIалэгъуалэм я гукъыдэжыр къызэщIеIэтэ, пэхуэщIэрэ грант зэхьэзэхуэкIэ зэхэт дунейм хуиту икIи къыхэмыскIыкIыу зэрыхэтын Iэмалхэм хуегъасэ, дэIэпыкъуэгъурэ щIэгъэкъуэнрэ зэрагъуэтынумкIэ фIэщхъуныгъэ къахелъхьэ.

ШУРДЫМ Динэ.

Зыкъагъэлъэгъуэну Iэмал ират

Налшык, ЩIалэгъуалэм я унэм, щыпащэ «Школьные театры в системе культурной и молодежной политики Российской Федерации: приоритеты и механизмы реализации» фIащауэ театр лэжьакIуэхэм папщIэ къызэрагъэпэща зэхуэсышхуэм. УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэр мы гъэм илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуауэ къэралым щрагъэкIуэкIыну яубзыхуа зэхыхьэхэм щыщ зы Iыхьэщ мыр.

НАЛШЫК мы махуищым Урысейм и театр къалащхьэ хъуащ. Къэралым и федеральнэ округ 60-м къикIа щэнхабзэ, театр лэжьакIуэ, режиссёр, сценарист, актёр, егъэджэныгъэ Iуэхум пыщIа цIыху щIэрыIуи 150-м щIигъур школ театрхэм я зыужьыныгъэм, абы гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ щиубыд увыпIэм теухуа зэхуэсым щызохъуажэ я Iуэху еплъыкIэкIэ. Зэхыхьэм хэтхэм я мурадщ Урысейм и дэтхэнэ зы щIыналъэми, нэхъ пхыдза дыдэхэри къызэщIиубыдэу, курыт еджапIэхэм екIуалIэ ныбжьыщIэхэм гъуазджэм хэлъхьэныгъэ хуащIыну, абы я зэфIэкI щеплъыжыну, утыку ихьэну Iэмал иратыну. Iуэхум хыхьэу мастер-классхэр ят, лекцэхэр йокIуэкI, спектаклхэр ягъэлъагъуэ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин къыхигъэщащ школ театрхэр театр гъуазджэм мыхьэнэ зиIэ и Iыхьэу зэрыщытыр, абыхэм зрагъэужьыну зэричэзур, ныбжьыщIэхэм актёр IэщIагъэр къыхамыхми, ар я гъащIэ псокIэ къазэрыхуэщхьэпэнур. Абы зэIущIэм хэтхэм захуигъэзащ я лэжьыгъэр къайхъулIэну, мы Iуэхум зи гуащIэ езыхьэлIэ дэтхэнэми ехъулIэныгъэхэр иIэну. Министрым и псалъэм щIигъужащ хьэщIэхэм ди къалэр, щIыналъэр ягу дыхьэну зэрыщыгугъыр.

- Къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа хьэщIэхэр Налшык фыкъызэрытхуеблэгъар ди гуапэщ. УФ-м и Президент Путин Владимир 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу игъэуващ. Псом хуэмыдэу мыпхуэдэ зэхыхьэхэм нэхъри щызыхыбощIэ ди къэралыр зэрыкъарууфIэмрэ абы и цIыхухэр зэрызэкъуэтымрэ. Зэхыхьэ щхьэпэр зытеухуар щIэблэм я гъэсэныгъэрщи, ди министерствэм и лэжьыгъэр зыхуэунэтIа мы Iуэхур вдыдоIыгъ, - жиIащ КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт. - Школ театрыр хуэгъэпсащ ныбжьыщIэхэм я зэныбжьэгъугъэм. Псом хуэмыдэу иджырей щIэблэр зыхиубыда бжыгъэ Iэмэпсымэхэм я зэманым ар щхьэпэщ. Шэч хэлъкъым мы зэIущIэм хэтхэм фи Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм я фIыгъэкIэ школ театрхэр адэкIэ зэрефIэкIуэнум, зэрызаужьынум.

Зэхыхьэм кърихьэлIахэр тепсэлъыхьащ школ театрхэм зэрызрагъэужьыну Iэмалхэм, сабийхэм я щIэныгъэм зэран хуэмыхъуу, уеблэмэ еджэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу сценэ гъуазджэр егъэджэныгъэм хэухуэна зэрыхъунум, ныбжьыщIэхэр дахагъэм дихьэхыу бгъэсэнымкIэ, лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэхэм пщIэ хуащIу къэхъунымкIэ школ театрыр зэрыIэмалыфIым, нэгъуэщIхэми. Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ сабийхэм зауэжьынымкIэ, загъэпсэхунымкIэ, гупу зэдэлажьэу, утыку ихьэу есэнымкIэ школ театрхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Зэхуэсым хэтхэр топсэлъыхь школ театрхэм я иджырей щытыкIэм, абы халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм, школхэмрэ театрхэмрэ нобэ жыджэру зэрызэдэлажьэм, нэгъуэщIхэми. А бгъэдыхьэкIэхэр хагъэхьэнущ сабийхэм я театрхэм я лэжьэкIэри зыхрагъэубыдэну «Урысей Федерацэм и театрхэм 2035 гъэ пщIондэ зэрызрагъэужьыну щIыкIэм».

КъыжыIапхъэщ, зэхуэсыр ди щIыналъэм щрагъэкIуэкIыну къыщIыхахам щхьэусыгъуэ дахэ зэриIэри - Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу зи щэнхабзэмрэ хабзэмрэ иджырей гъуазджэм пыщIэныгъэ быдэ хузиIэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр. КъинэмыщIауэ, театр студие, гупжьей 200-м щIигъу щылажьэ республикэм IэщIагъэлIхэм мы унэтIыныгъэмкIэ ехъулIэныгъэ яIэщ. А дерсхэр сабийхэм я дежкIэ щхьэпэщ литературэр, анэдэлъхубзэхэр яджынымкIэ, лъапIэныгъэхэм зыщагъэгъуэзэнымкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къуэш зэхущытыкIэхэм хуэкIуа зэпыщIэныгъэ

Луганск къэрал педагогикэ университетыр къызэрызэIуахрэ илъэси 105-рэ зэрырикъум ехьэлIа дауэдапщэхэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лIыкIуэхэри.

КъБКъУ-м экономикэмрэ стратегие зыужьыныгъэмкIэ и проректор Пщыгъуэш Аслъэнрэ ЛэжьакIуэхэм я профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщI Кобозев Игоррэ ЛКъПУ-м и ЩIэныгъэ советым и зэIущIэм хэлэжьыхьащ икIи егъэджакIуахэмрэ студентхэмрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ къэрагъэблэгъащ, я зэпыщIэныгъэхэр нэхъри ягъэбыдэн мурадкIэ.

- Луганск къэрал педагогикэ университетыр щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, хабзэм, гъащIэм щIэуэ къыхыхьэ Iэмалхэм я утыку гъуэзэджэщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ ягъэлъапIэр лэжьыгъэ купщIафIэ зэдэзыщIэ, акъылэгъу зэдэхъуауэ зэдэлажьэ гупырщ. Ди зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ хуабжьу дыщогуфIыкI икIи шэч къытетхьэркъым зэгъусэу проект куэд дяпэкIэ зэрыдгъэзэщIэнум, - щыжиIащ Игорь зэIущIэм.

КъБКъУ-м икIахэм ЛКъПУ-м и ректор, ЛНР-м и ЦIыхубэ советым и депутат Марфинэ Жаннэ, еджапIэм и администрацэм щылажьэхэм ящIыгъуу удз гъэгъахэр тралъхьащ «Си егъэджакIуэ» скульптурэ композицэм.

Апхуэдэу хьэщIэхэр хэтащ алыфбейм и музейр къыщызэIуахми. Ди хэкуэгъухэм къыхагъэщащ а гъэлъэгъуэныгъэр зыми зэремыщхьыр, ар Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым техуэу къызэрызэIуахам мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Музейр къызэрагъэпэщащ ЛНР-м къыбгъэдэкIыу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым сенатору щыIэ Бас Ольгэ и жэрдэмкIэ, ар иужь итщ проектым дяпэкIэ нэхъыбэжу зригъэужьыну. ИджыпстуkIэ абы щызэхуэхьэсащ Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэмрэ гъунэгъу къэралхэмрэ къраха экспонат телъыджэхэр.

ЛКъПУ-м и юбилейм теухуа гуфIэгъуэ зэхуэсым Пщыгъуэш Аслъэн КъБКъУ-м и ректор, ЛКъПУ-м щIыхь зиIэ и доктор Альтуд Юрэ и цIэкIэ къыщыпсэлъащ:

- Мыпхуэдэ махуэшхуэ зыгъэлъапIэ фэ, фи тхыдэм, хабзэм, IэщIагъэм щывиIэ ехъулIэныгъэхэм фригушхуэ хъунущ. Нобэ дигу къэдгъэкIыжу пщIэ яхуэтщIыну дыхуейщ университетым и къежьапIэм щыта, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ илъэс куэдкIэ хуэлэжьа, еджапIэ нэхъыщхьэм и щIэныгъэ зэфIэкIыр яхъумэу, ягъэбагъуэу пэрыта лэжьакIуэшхуэхэм. Гугъуехь псоми емылъытауэ, фэри, Донбассым щыпсэу лъэпкъхэри, фыкъызэтенащ икIи ди зэхуэдэ тхыдэ лъахэм - Урысеишхуэм - щыщ фыхъуащ. Зэныбжьэгъугъэ быдэмрэ къуэш зэхущытыкIэхэмрэ хуэкIуауэ ди университетхэм яку дэлъ зэдэлэжьэныгъэр гъуазэ хуохъу купщIафIэу Iуэхур адэкIи зэдэдгъэкIуэтэным. Дэ шэч къытетхьэркъым фи зэфIэкIымрэ Iэзагъымрэ ди къэралым и егъэджэныгъэ ухуэкIэм къызэрыхуэсэбэпынум, хэлъхьэныгъэфI зэрыхуэхъунум.

Пщыгъуэш Аслъэн КъБКъУ-м къыбгъэдэкIыу спорт Iэмэпсымэхэр бысым университетым тыгъэ хуищIащ.

ЛКъПУ-м и егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, педагогикэ, гъэсэныгъэ, спорт, жылагъуэ Iуэхухэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам, егъэджэныгъэ IэнатIэм ехъулIэныгъэфIхэр зэрыщиIэм, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI педагогикэ кадрхэр зэрагъэхьэзырам папщIэ Альтуд Юрэ къыхуагъэфэщащ Луганск къэрал педагогикэ университетым и попечительскэ, щIэныгъэ советхэм ягъэува «За созидательное сотрудничество» фэеплъ дамыгъэр. Саугъэтыр ди университетым и ректорым къыхуихьыжащ Пщыгъуэш Аслъэн.

ЛКъПУ-м фIыщIэ къыхуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, илъэс куэдкIэ купщIафIэу зэрызэдэлэжьам къыхэкIыу. Лъэныкъуэхэм шэч къытрахьэркъым ди къэралым ифI зыхэлъ проект, ехъулIэныгъэ куэд дяпэкIэ зэраIэнум.

IЭРЫС Iэсият.

Губгъуэ лэжьыгъэхэр ирагъажьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм гъатхасэ лэжьыгъэхэр ирагъэжьащ, нэгъабэ губгъуэм щихьа, мэкъумэш-техникэ пIалъэхэм тету. НобэкIэ, республикэм и районхэм ящыщу 6-м япэ гектар миным хьэр тращIащ.

ХАДЭХЭКIХЭМ ящыщу джэш хъурейр япэ ирагъэщащ икIи а къэкIыгъэр Прохладнэ, Тэрч, Аруан районхэм зэхэту гектар 500-м щыхасащ.

ЗэкIэ къызэрабжамкIэ, мы гъэм гъатхэсэм псори зэхэту гектар мин 214-рэ хухахынущ - ар нэгъабэ зэрыхъуам хуэдизщ.

Абы къыдэкIуэу, республикэм и мэкъумэшыщIэхэм бжьыхьэсэм щIыгъэпшэрхэр жыджэру ират икIи лэжьыгъэхэм гектар мин 13-м щIигъу къызэщIрагъэубыдащ нобэкIэ. ЖыIэпхъэщ, бжьыхьэсэм псори зэхэту гектар мин 61-рэ зэриIыгъыр, абы щыщу гектар 55-р хьэцэпэцэм къызэрылъысыр.

Мыдрейуэ, хьэцэпэцэрэ джэш хъурейуэ тонн зы мелуанрэ мин 200-рэ кърахьэлIэжащ нэгъабэ. 2024 гъэм яхузэфIэкIам елъытауэ проценти 4,5-кIэ ар нэхъыбэщ. Абы щыщу мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм зэхэту тонн мин 830-р къалъысащ е ди щIыналъэм псори зэхэту щыIуахыжам и процент 70-м нэблагъэр.

Зы гектарым хуэзэу къытрахыжа гъавэм и куэдагъми процентыи 3-м нэблагъэкIэ хагъэхъуащ икIи центнер 57,1-м ар нызэрыхьэсащ.

КъищынэмыщIауэ, нэгъабэ республикэм гъавэу къыщрахьэлIэжам и куэдагъымкIэ Кавказ Ищхъэрэм ику иту щыщыIэ бжыгъэхэм нэхърэ процент 30-кIэ, къэралым щыщыIэхэм нэхърэ хуэдэ 1,7-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

«Вагъуэ цIыкIухэр» мэлыд

Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым щекIуэкIащ «Хрустальные звёздочки-2026» фестиваль-зэ-пеуэм и щIыналъэ Iыхьэр. Мы гъэм абы хэтащ республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа сабий 58-рэ.

ЗЭПЕУЭМ я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуащ унэтIыныгъэу щым: уэрэд жыIэным, екIуу утыку итыным, къэфэным. Утыкур ягъэбжьыфIащ артист зэчиифIэхэми, зи зэфIэкIыр зыгъэлъэгъуэну щIэзыдзэхэми икIи дэтхэнэми и къихьэгъуэр удэзыхьэхрэ гукъинэжу щытащ.

Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я IэщIагъэлIхэр зыхэта жюрим дэтхэнэ унэтIыныгъэми щытекIуахэр къыхахащ икIи гулъытэншэу зыри къагъэнакъым.

Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Бауаев Ахъмэт «вагъуэ цIыкIухэм» фIыщIэ яхуищIащ дахэу зэрызыкъагъэлъэгъуам папщIэ икIи къыхигъэщащ екIуу зэрызагъэхьэзырар, щIыналъэм и щIалэгъуалэр дэзыхьэххэр абы къызэригъэлъагъуэр.

- Конкурсыр зэчий зыбгъэдэлъхэм зыкъыщагъэлъагъуэ утыку къудейкъым, ар щIыналъэм и щэнхабзэ гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэщ. Дыщогугъ творческэ жэрдэмхэм зегъэужьынымрэ сабий, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр дэIыгъынымрэ адэкIи зиужьыну, - жиIащ суд пристав нэхъыщхьэм.

Хабзэ зэрыхъуауэ, кIэухыу псоми зэщIыгъуу ягъэзэщIащ «Хрустальные звездочки» зэпеуэм и гимныр.

БАХЪСЭН Ланэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-88, 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.267
Заказыр №525
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.